



Konsèy Edikasyon Newark Gid Lekòl Segondè 2026-2027



Newark la
Konsèy Edikasyon
Roger León, Direktè Administratif

Kote ki gen Pasyon, gen Pwogrè



Newark la
Konsèy Edikasyon
Roger León, Direktè Administratif

Misyon

Misyon nou se ofri yon pwogram edikatif ki strik nan domèn akademik epi ki reponn ak divèsite kiltirèl, ki prepare chak elèv pou reyisi, epi ki ede elèv yo devlope konesans, ranfòse karaktè, aprann kiltive enjenyozite, epi ki ankouraje lidèchip.

Vizyon

Vizyon nou se konstwi yon nouvo ekosistèm edikatif ki ofri yon edikasyon klas mondyal pou chak timoun nan Newark.

Valè Fondamantal

Timoun nan Sant lan

Chak timoun se yon jeni, epi nou gen responsabilite pou mete rèv ak bezwen timoun yo nan mitan tout desizyon yo.

Angajman pou Ekselans

Nou pran angajman pou fè yon seri amelyorasyon ki ap kontinye, tabli yon seri estrateji ki inovan epi ki baze sou rechèch, yon fason pou demontre ekselans nan tout nivo òganizasyon an.

Relasyon Resipwòk

Nou ofri posibilite pou gen bon jan kolaborasyon anndan òganizasyon an, ak pi lwen toujou, sa ki ap favorize reyisit elèv yo.

Kiltive Otonomi

Nou bay elèv yo mwayen pou aprann defann tèt yo ak lòt moun.

Ekite

N ap demantle epi rekonpoze tout pratik, politik, resous distribisyon, ak sistèm ki kapab ajì antanke yon baryè pou anpeche tout moun jwenn opòtinite.

Mesaj Sipèentandan León

Nan non Konsèy Edikasyon Newark la, direktè lekòl yo, pwofesè ak manm pèsònèl yo, mwen kontan akeyi tout elèv lekòl segondè yo pou ane lekòl 2026-2027 la.

Distri a kontan prezante ***Gid pou Elèv Lekòl Segondè 2026-2027*** sa a kòm yon gid pou atant nou yo, règleman yo ak pwosedi yo. Dokiman sa a ap ede w jwenn repons pou pifò kesyon w genyen epi pou oryante w nan anviwònman lekòl segondè a. Nou mete gwo estanda pou nou, e anpil nan yo enkli nan gid sa a ansanm ak plan estratejik istorik Distri a pou dis ane, ***Pwochen Deseni an: 2020-2030***. Sepandan, nou konnen relasyon nou etabli avèk elèv yo ak fanmi yo enpòtan anpil pou reyisit elèv yo. Pou rezon sa a, nou ap mande elèv yo ak paran yo pou pran tan pou yo familiarize yo avèk gid sa a. Kenbe li sou lamèn pou w kapab egzamine li pandan tout ane eskolè a.

Anpil nan nou te chwazi lekòl ki ap prepare nou pou yon aspirasyon alavni apre nou fin resevwa diplòm lekòl segondè. Anbisyon ou yo divès e enspire anpil moun, epi yo gen ladan yo kèk nan domèn enterè sa yo: atizay medya, achitekti ak dekorasyon enteryè, mòd, syans done, teknoloji, jeni, pwofesyon paramedikal, medsin, ansèyman, biznis ak antreprenarya, etid entènasyonal, etid anviwònmantal, dwa, atizay vizyèl ak pèfòmans, ansanm ak preparasyon pou etid inivèsité, pou nou site sèlman kèk ladan yo. Lekòl nou yo angaje byen fon nan yon edikasyon ekselans epi ki anrichi grasa yon kominote eskolè ki ap soutni nou, ki gen patnè endistriyèl, etablisman ansèyman siperyè, paran, kominote a, pwofesè yo, ak manm pèsònèl yo. Nou santi nou fyè ak onore pou patisipe nan pakou edikatif ou epi enpasyan pou ou reyalize rèv ou, kidonk reve gwo.

Se yon onè pou mwen sèvi antanke Direktè Jeneral Newark Public Schools epi pou m konte nou pami elèv lekòl segondè nou yo. Mwen vrèman chofe pou ane eskolè sa a ansanm ak jou ki ap vini yo, paske nou ap kontinye konstwi lyen solid ak bonjan relasyon avèk nou chak.

Mwen swete tout sa ki bon pou nou ak anpil siksè pou ane eskolè sa a!



Roger León
Sipèvizè jeneral

Lis Sijè yo

Politik ak Pwosedi Lekòl/Distri a	6
Prezans	7
Itilizasyon ki Akseptab pou Òdinatè/Entènèt.....	7
Sitwayènte Nimerik	7
Kòd Vestimantè	7
Enskripsyon ak Anrejistreman nan SchoolMint (Newark Enrolls).....	8
Atant elèv yo	9
Asèlman, Entimidasyon ak Brimad	9
Enskripsyon Elektoral Lekòl Segondè.....	10
Aplikasyon pou Manje Midi	11
Pwogram Edikasyon McKinney-Vento pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo	12
Responsabilite Paran yo	14
Politik Inifòm nan Edikasyon Fizik	14
Disiplin Pwogresif - Sijasyon Entèvansyon.....	14
Resous Transpò Piblik.....	21
Demann Rekritè Militè, Enstitisyon Ansèyman Siperyè, ak Potansyèl Patwon yo fè pou Jwenn Enfòmasyon sou Elèv yo	22
Pwogram Asistans pou Elèv	22
Kat Idantite Elèv	25
Evalyasyon Sante Elèv yo, Vaksen ak Règleman sou Medikaman	25
Itilizasyon Elèv yo nan Aparèy ki Bay Aksè ak Entènèt	26
IX – Diskriminasyon ki Baze Sèks	26
Mezi pou Sipò Tit IX yo	27
Dokiman Travay.....	27
Pwogram Lekòl/Distri	29
Edikasyon pou Granmoun.....	30
Fòmasyon Chofè	30
Enstriksyon Adomisil.....	30
Pwogram Espòtif Entèskolè.....	31
Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo (English Language Learners, ELLs)	32
Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo Eta Florida an (Multi-Tiered System of Support, MTSS)	
Pwogram Byennèt Elèv.....	33
Sant Edikasyon nan Aswè Newark la	34
RethinkEd	35
Pwogram Edikasyon Espesyal ak Ane Eskolè Pwolonje.....	35

Egzijans pou Jwenn Diplòm	38
Kou Plasman Avanse, Bakaloreya Entènasyonal, Doub Enskripsyon nan Inivèsite Doub epi Kou ak Mansyon Ekselans.....	39
Pozisyon nan Klas.....	39
Sèvis Kominotè	39
Sekans Kou yo ak Apèsi sou Kou yo Ofri Aktyèlman yo (130 Kredi).....	39
Demann Èd Federal Gratis pou Elèv/Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ.....	40
Politik pou Nòt.....	41
Peryòd Nòt, Bilten Nòt, ak Rapò sou Pwogrè	44
Lis Kritè Direktè a: Klas 3yèm rive 12yèm ane	44
Egzijans pou jwenn Diplòm Eta/Distri (An vigè avèk Klas 2022 a)	45
Enfòmasyon ak Egzijans sou Tès yo tès	46
Inisyativ pou Preparasyon sot nan Lekòl ale nan Karyè	49
Pwogram Doub Enskripsyon	50
Sekans Aktivite Akademik Jeneral.....	51
Lyen Ipètèks pou Sèvis Oryantasyon ak Nimewo Telefòn Biwo yo.....	52
Kalandriye Planifikasyon Lekòl Segondè pou Elèv yo.....	53
Patenarya/Resous Anvan Inivèsite.....	55
Lekòl rive nan Karyè ak Ansèyman Apre Lekòl Segondè.....	59
Akademi Karyè nan Segondè.....	60
SchooLinks	61
Enfòmasyon sou Lekòl ak Distri a	63
Anyè Lekòl Segondè.....	64
Pwogram Tranzisyon Ete pou Lekòl Segondè.....	65
Kalandriye Eskolè 2026-2027.....	66
REMAK	67

Politik ak Pwosedir Lekòl/Distri a



Elèv lekòl segondè University High School ki enskri nan pwogram Teacher Academy nan Montclair State University.



Weequahic kont Malcolm X Shabazz nan Soul Bowl Anyèl la

Prezans

Kesyon prezans nan lekòl se zafè tout moun. Newark Board of Education (“NBOE”; “Distri”) pran angajman pou travay an kolaborasyon avèk elèv yo, fanmi yo, ansanm ak patnè kominotè yo pou elimine obstak ki anpeche elèv yo prezans lekòl la. Yo rekonèt prezans kòm yon faktè enpòtan nan edikasyon yon elèv, epi se yon kondisyon preyalab pou elèv la reyisi. Biwo Prezans lan ofri lekòl Distri a yon sipò ansanm ak yon seri pwogram pou atenn objektif prezans lan, lè yo bay resous ki itil, yon asistans pwofesyonèl ak yon sipò pratik.

Nan ka kote yon elèv absan, paran/responsab legal la dwe rele lekòl la nan jou maten absans. Elèv yo gen obligasyon pou fin fè tout travay yo asiye yo pandan absans lan. Se elèv la ak/oswa paran/responsab legal la ki dwe pran dispozisyon pou ratrape travay yo. Se direktè bilding nan ki ap detèmine efè absans repete yo, kit gen eskiz oswa pa gen eskiz, sou baz yon nòt, yon pwomosyon oswa pou jwenn kredi nan objektif pou resevwa diplòm, nan konsiltasyon avèk pwofesè a.

Chak lekòl dwe gen yon kalandriye eskolè ki gen omwen 180 jou prezans nan lekòl la ant 8 septanm rive 28 jen. Yo note prezans elèv yo chak jou pandan peryòd Ansyman Adomisil la (ki kòmanse egzakteman a 8:20 a.m.) epi yo transfòme li an Prezans Chak Jou pou elèv la. Elèv ki rive nan lekòl la anreta yo dwe pase nan biwo direktè a yon fason pou prezans lan kapab chanje soti Absan pou vin Anreta.

Itilizasyon ki Akseptab pou Òdinatè/Entènèt

Itilizasyon rezo enfòmatis New York Board of Education lan limite nan echanj enfòmasyon akademik, nan rechèch, karyè ansanm ak aktivite devlopman pwofesyonèl an konfòmite avèk misyon Distri a. Pou atenn objektif sa a, itilizatè yo dwe aksepte politik sa a antanke yon kondisyon pou resevwa aksè Entènèt. Tanpri, ale sou <https://www.nps.k12.nj.us/documents/nps-acceptableusepolicy/> pou enfòmasyon presi ki gen rapò ak politik itilizasyon ki akseptab la.

Sitwayènte Nimerik

Elèv yo resevwa enstriksyon sou fason pou itilize teknoloji, Entènèt, ak lòt materyèl epi aparèy nimerik nan respè epi yon fason ki responsab, nan kad pwogram etid la. Li enpòtan pou Distri a prepare elèv yo pou yon sosyete ki chita sou teknoloji, yon sosyete yo se sitwayen ladan li. Nan enstriksyon sa a gen konvèsasyon ak konsèy sou enpak teknoloji a genyen sou sosyete a, entelijans atifisyèl, done itilizatè yo, sekirite vi prive, kilti nimerik la, byennèt nimerik, ak pran desizyon nimerik. Domèn sitwayènte nimerik la kontinye ap evolye anmenmman avèk sosyete epi teknoloji a, epi Newark Board of Education pran angajman pou bay elèv yo yon seri estrateji ak zouti ki nesè pou angaje yo aktivman nan teknoloji a yon fason ki apwopriye.

Kòd Abiman

Fason yon moun abiye ak fason li konpòte li gen enflyans sou fason lòt moun wè moun sa a. Konsèy Edikasyon Newark la egzije pou elèv yo abiye yon fason ki apwopriye pou yon anviwònman aprantisaj.

- Inifòm lekòl: Elèv yo dwe mete inifòm lekòl ki apwopriye pou bilding yo a. Nou kapab jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak inifòm chak lekòl sou sit entènèt chak lekòl.

Enskripsyon ak Anrejistreman nan SchoolMint (Newark Enrolls)

SchoolMint Enroll se sistèm santralize Konsèy Edikasyon Newark la ak lekòl charter ki patisipe yo itilize pou aplikasyon elèv yo, plasman yo ak enskripsyon yo. Tout fanmi dwe ranpli pwosesis aplikasyon ak enskripsyon an atravè sistèm sa a.

1. Pwosesis aplikasyon an

Fanmi yo dwe konplete etap sa yo pou aplike:

- Kreye yon kont oswa konekte sou <https://newarkenrolls.schoolmint.com/>

- Kreye yon pwofil elèv

Ranpli epi soumèt yon aplikasyon, chwazi jiska uit (8) opsyon lekòl/pwogram nan lòd preferans ou. Elèv k ap fè demann admisyon nan yon lekòl segondè mayetik (magnet school) oswa yon lekòl segondè espesyalize dwe soumèt dokiman obligatwa sa yo kòm pati nan aplikasyon yo pou yo kapab konsidere kandidati yo:

- Relve Nòt
- Kat rapò ki pi resan an
- Nòt oswa rezilta tès estandadize yo (tankou New Jersey Student Learning Assessments (NJSLA) oswa lòt rezilta evalyasyon ki enpòtan).

Lòt egzijans, tankou odisyon oswa entèvyou, yo ka oblije depann de lekòl la.

2. Notifikasyon plasman

Fanmi yo ap resevwa yon notifikasyon plasman (match) atravè SchoolMint Enroll. Notifikasyon sa a idantifye lekòl kote yo te asiyen elèv la. Y ap avize fanmi yo pa imèl ak / oswa mesaj tèks, selon preferans kominikasyon yo chwazi yo.

3. Pwosesis Enskripsyon an

Aprè yo fin resevwa yon plasman, fanmi yo dwe ranpli pwosesis enskripsyon an pou konfime epi rezève plas elèv la. Yo ka fè enskripsyon an sou entènèt atravè SchoolMint Enroll oswa an pèsòn nan lekòl asiyen an.

Dokimantasyon Enskripsyon Obligatwa yo

Dokiman sa yo obligatwa pou finalize enskripsyon an:

- Twa (3) prèv adrès
- Sètifika nesans elèv la
- Dosye vaksinasyon elèv la
- Kat idantite paran/responsab legal ki gen foto gouvènman an bay
- Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) oswa Plan 504, si sa aplikab
- Dosye lekòl anvan yo, ki gen ladan relve nòt ak dènye bilten nòt la, pou detèmine nivo klas ki apwopriye pou elèv la.

Lekòl la dwe soumèt epi verifye tout dokiman yo. Lekòl yo ka mande dokiman adisyonèl si sa nesesè.

Transfè

Transfè yo ka inisyè atravè aplikasyon transfè a nan SchoolMint Enroll. Fanmi yo ka kontakte lekòl pitit yo ap frekante kounye a pou jwenn asistans ak pwosesis transfè a. Transfè yo pa garanti epi yo depann de kantite plas ki disponib yo ak pwosedi distri a.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.newarkenrolls.org.

Atant Elèv yo

Nou atann pou elèv yo:

- Vin lekòl regilyèman epi alè;
- Pote zouti ki nesèsè yo nan lekòl la: kaye, kreyon, plim, laptop/aparèy Distri yo bay yo;
- Fin fè devwa yo, devwa adomisil yo ak pwojè yo nan dat limit yo deziyen an;
- Pran responsab pou fini travay yo lè yo rate yon kou;
- Patisipe nan aktivite klas la yon fason ki aktif epi konstriktif;
- Devlope yon atitud pozitif epi kwè nan kapasite pou reyisi;
- Demontre oto-disiplin epi trete lòt moun avèk koutwazi epi respè;
- Aprann travay yon fason endepandan epi nan kolaborasyon;
- Pale avèk paran yo konsènan aktivite eskolè yo epi ankouraje yo patisipe.

Asèlman, Entimidasyon, ak Brimad

Newark Board of Education kwè yon anviwonman lekòl sekirize ak sivilize nesèsè pou elèv yo aprann epi atenn estanda akademik elve yo. Piske elèv aprann grasa egzanp, administratè lekòl yo, etablisman, pèsònèl, ak volontè yo gen obligasyon pou demontre yon konpòtman ki apwopriye, pandan y ap trete lòt moun nan yon fason ki sivilize epi avèk respè, epi pandan y ap refize tolere arasman, entimidasyon oswa agresyon. Menm jan ak tout lòt konpòtman deranjan oswa ki vyolan, asèlman, entimidasyon oswa brimad se yon seri konpòtman ki deranje non sèlman kapasite aprantisaj yon elèv, men tou, kapasite pou yon lekòl anseye elèv li yo nan yon anviwonman ki sekirize. Kidonk, Distri a p ap tolere okenn zak asèlman, entimidasyon oswa brimad.

Anti-Bullying Bill of Rights Act (ABR) la defini asèlman, entimidasyon ak brimad (HIB) antanke nenpòt jès, nenpòt bagay ekri, zak vèbal oswa fizik, oswa nenpòt kominikasyon elektwonik, kit se yon ensidan inik oswa yon seri ensidan yo konsidere yon fason rezonab kòm bagay ki pouse aji akòz yon karakteristik reyèl oswa yo pèsevwa, tankou:

- Ras, koulè, relijyon, orijin zansèt, orijin nasyonal, sèks oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oswa yon andikap mantal, fizik oswa sansoryèl, oswa nenpòt lòt karakteristik ki distenge yon moun; epi ki
 - Rive sou pwopriyete lekòl la, pandan nenpòt aktivite lekòl la òganize, nan yon bis eskolè, oswa andeyò etablisman lekòl la, ki deranje oswa entèfere, yon fason ki enpòtan, ak fonksyonman òdone lekòl la oswa ak dwa lòt elèv yo; epi
 - Yon moun ki rezonab dwe konnen, selon sikonstans yo, efè sa ap genyen se blese yon elèv fizikman oswa moralman, oswa andomaje byen li yo, oswa lakoz yon elèv vin pè anpil pou li pa sibi blesi fizik oswa emosyonèl oswa pou yo pa andomaje byen li yo; oswa
 - Efè a se ensilte oswa rabese yon elèv oswa yon gwoup elèv; oswa
 - Kreye yon anviwonman edikatif ki danjere pou elèv la oswa yon blesi emosyonèl pou elèv la.
- (N.J.S.A. 18A:37-14)**

“Kominikasyon elektwonik” vle di kominikasyon ki fèt pa mwayen yon aparèy elektwonik, tankou, men sa se pa sa sèlman, yon telefòn, yon telefòn selilè, yon òdinatè, oswa yon petzè. Yo defini brimad elektwonik kòm: “yon blesi san mezi epi repete yon moun enflije grasa itilizasyon òdinatè, telefòn selilè, ak lòt aparèy elektwonik”. Nou soumèt zak asèlman elektwonik elèv yo komèt yo anba kòd konduit elèv yo pou kesyon asèlman, entimidasyon, ak brimad, ansanm ak sanksyon yo prevwa nan **N.J.S.A. 2C:33-4.1** Krim Sibè-asèlman. Asèlman elektwonik se yon krim nan katriyèm degre, epi yo kapab fè ajans fòs delòd lokal yo konn sa. Yon paran oswa responsab legal ki gen gad legal yon minè, ki chwazi meprize oswa pa konsidere sa nan fason li ap fè travay siveyans ak kontwòl sou konduit yon minè yo jije ki delenkan nan kesyon asèlman elektwonik, kapab responsab nan kad yon aksyon sivil.

Konsekans yo dwe an konfòmite avèk Plan Disiplin ak Politik sou Kòd Konduit Elèv yo Distri a apwouve, epi ak **N.J.A.C. 6A:16-7**. la. Konsekans ak mezi pou korije yon elèv ki komèt yon zak asèlman, entimidasyon oswa brimad, dwe varye epi gradye selon:

- Nati konpòtman an,
- Nati andikap elèv la, si genyen,
- Nivo devlopman laj elèv la,
- Antesedan elèv la nan kesyon pwoblèm konpòtman ak pèfòmans.

Enskripsyon Lekòl Segondè nan Lis Elektoral

An konfòmite avèk N.J.S.A. 18A:36-27, Lwa sou Enskripsyon Elèv Lekòl Segondè sou Lis Elektoral yo egzije pou distri yo bay tout elèv lekòl segondè ki elijib pou vote materyèl enskripsyon yo, yon rezime sou kondisyon kalifikasyon pou enskri sou lis elektoral yo, materyèl ki dekri wòl yon sitwayen ansanm ak materyèl ki esplike enpòtans vòt la.

Egzijans sou Kalifikasyon pou Enskri sou Lis Elektoral ak Enfòmasyon sou Enskripsyon Pou anrejistre nan New Jersey, yon moun dwe:

- Sitwayen Ameriken
- Gen omwen 17 lane, byenke w ap kapab vote sèlman lè w rive gen laj 18 lane
- Yon rezidan nan konte a pandan 30 jou anvan eleksyon an
- Pa yon moun ki ap sibi yon pèn nan prizon apre yon kondanasyon pou nenpòt zak kriminel selon lwa ki genyen nan Eta sa a oswa lwa yon lòt Eta oswa lwa peyi Etazini.

Moun ki enskri a dwe ranpli yon Demann Enskripsyon sou Lis Elektoral la ak/oswa yon Fòm Afilyasyon nan yon Pati. Li dwe voye Demann Enskripsyon sou Lis Elektoral la ak/oswa Fòm Afilyasyon an nan kourye lapòs oswa pote li nan County Commissioner of Registration oswa Superintendent of Elections nan konte li a.

Yon moun pa kalifye pou enskri pou vote si:

- Li ap sibi yon pèn nan prizon apre yon kondanasyon pou nenpòt zak kriminel selon lwa ki genyen nan Eta sa a oswa lwa yon lòt Eta oswa lwa nan tout peyi Etazini.

Dat limit pou enskri pou vote nan pwochen eleksyon yo se 21 jou anvan jou eleksyon an.

Enskripsyon pou Vote Anliy

Pou enskri anliy, yon moun ap bezwen bay prèv dat nesans li ansanm ak youn (1) nan fòm idantifikasyon ki vin apre yo:

- Yon Lisans Chofè aktyèl epi valid oswa yon Kat Idantifikasyon pou moun ki pa chofè (ID card) Komisyon Machin ak Motè New Jersey a (MVC) bay. Yo ap voye enfòmasyon yo bay MVC yon fason pou valide idantifikasyon an, epi pou jwenn yon kopi siyati nimerik. -oswa-
- Yon nimewo Sekirite Sosyal. Pou itilize nimewo Sekirite Sosyal la, yon moun dwe kapab siyen nan ekran oswa telechaje siyati li pou fin ranpli pwosesis enskripsyon an. Si w pa kapab bay yon siyati nimerik, ou p ap kapab enskri anliy.

Si w pa kapab enskri anliy, tanpri, ale sou <https://www.essexclerk.com/> pou yon fòm enskripsyon pou vote.

Eleksyon Konsèy Eskolè 16+

An Janvyè 2024, Konsèy Vil Newark la, ansyen Prezidan Konsèy la ap dirije ansanm ak reprezantan LaMonica McIver (D-10th), te adopte yon òdonans ki pèmèt jèn moun ki gen omwen laj 16 lane vote nan eleksyon konsèy eskolè a.

Tout jèn ki gen laj 16 ak 17 lane ki abite nan Vil Newark epi ki se sitwayen ameriken kalifye pou vote nan eleksyon konsèy eskolè nan mwa Avril la. Y ap pataje aplikasyon enskripsyon yo ak enstriksyon espesifik yo bay elèv yo anvan chak eleksyon nan mwa Avril.

Aplikasyon pou Manje Mid

Ki sa ki se yon aplikasyon pou manje midi?

Yon aplikasyon pou manje midi se yon aplikasyon federal ki sèvi pou detèmine si yon elèv kalifye pou resevwa manje gratis oswa manje a pri redui lè li patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje Lekòl ak Pwogram Nasyonal Dejene Lekòl (NSLP & SBP).

Kiyès ki oblije ranpli yon aplikasyon pou manje midi?

Yon elèv ki gen non l parèt sou lis Sètifikasyon Dirèk Distri a pa oblije ranpli yon aplikasyon. Pami elèv ki Sètifye Dirèkteman yo gen kèk timoun ki nan fanmi dakèy yo ak timoun ki ap resevwa èd tanporè pou fanmi ki nan bezwen yo (TANF). Tout lòt elèv Newark Board of Education (klas PreK-12) gen obligasyon chak ane pou fè yo trete yon aplikasyon pou manje midi pou detèmine kalifikasyon yo pou resevwa avantaj. Ou ka jwenn aplikasyon an sou entènèt nan www.nps.k12.nj.us ak lyen yo ki nan pati anba paj la.

Kiyès ki ka ranpli aplikasyon an?

Se sèlman paran, responsab legal, oswa elèv la, si li gen laj 18 lane oswa plis, ki kapab ranpli fòm aplikasyon pou manje midi a. Okenn anplwaye lekòl la pa kapab chèche jwenn enfòmasyon nan telefòn. Paran an, responsab legal la, oswa yon elèv ki nan laj, dwe prezan epi ranpli aplikasyon an.

Si m gen plis pase yon (1) timoun nan lekòl la, èske m dwe ranpli plizyè aplikasyon?

Non, se sèlman yon sèl aplikasyon pou chak kay ki obligatwa. Afiche tout elèv ki nan aplikasyon an.

Ki fason yo detèmine kalifikasyon mwen?

Yo detèmine kalifikasyon yon elèv sou baz prensip gouvènman federal la etabli pou revni ansanm ak kantite moun nan kay la, epi sa lye avèk to povrete nasyonal la.

Ki pwosesis Newark itilize pou ranpli yon aplikasyon pou manje midi?

Newark Board of Education gen yon pwosesis aplikasyon anliy.

Kisa ki ap rive si m vle pou yo pataje enfòmasyon mwen avèk nenpòt lòt otorite?

Tout elèv Newark Board of Education yo (klas pre-K-12) gen obligasyon pou ranpli yon fòm aplikasyon pou manje midi pou resevwa avantaj. Fòm nan disponib sou sit entènèt la avèk aplikasyon an; aplikan an dwe defile paj la desann pou li wè fòm ki gen tit “Sharing Information with Medicaid” (Pataje Enfòmasyon avèk Medicaid) epi koche kaz ki apwopriye a, retounen fòm lan nan Biwo Sèvis Manje ak Nitrisyon (Office of Food & Nutrition Services) epi yo p ap pataje enfòmasyon yo.

Èske kalifikasyon elèv yo toujou rete ane apre ane?

Non, yo dwe ranpli aplikasyon pou manje midi a chak ane. Distri a ap itilize estati mwa Jen ane ki vin anvan an, si gen youn ki egziste, pou premye trant (30) jou nan ane lekòl ki vin apre a oswa pou nouvo aplikasyon an, si yo soumèt li. Apre peryòd trent (30) jou yo fin pase, moun nan dwe soumèt yon nouvo aplikasyon. Si pa gen nouvo aplikasyon nan dosye a, y ap refize estati kalifikasyon timoun nan, epi paran oswa responsab legal la dwe peye tout pri a pou manje midi timoun li an si li chwazi patisipe nan pwogram nan.

Ki dat limit pou soumèt aplikasyon yo?

Yo kapab soumèt aplikasyon yo pandan tout ane a, sepandan, nou p ap konsidere aplikasyon yo voye apre 15 oktòb yo nan kalkil èd Eta a nan distri a. Nenpòt chanjman ki fèt nan sitiyasyon finansye yon fanmi dwe pèmèt yo fè yon nouvo demann.

Ki pousantaj nan timoun Newark Board Education ki kalifye pou manje gratis ak pri redwi pou ane lekòl 2025-2026 la?

Nan mwa jen 2026, 95,1 % timoun ki nan Konsèy Edikasyon Newark la te kalifye pou resevwa manje gratis oswa manje a pri redui.

Èske pitit mwen an ap resevwa yon manje si nou pa ranpli yon aplikasyon pou manje midi?

Selon direktif federal yo, Distri a dwe fè yon efò pou ranmase pèman ki obligatwa a. Newark Board of Education pran angajman pou bay tout timoun yo yon repa an sante epi ki nitritif.

Manje Maten nan Lekòl

Kisa pwogram manje maten nan lekòl la ye?

Pwogram manje maten nan lekòl la fè pati National School Lunch Program nan (NSLP), epi nou bay tout elèv Newark Board of Education yo repa sa a chak jou.

Ki kote yo bay manje maten an?

Pwogram manje maten an fèt nan sal klas la pou tout elèv klas elemanè yo epi li fè pati jounen lekòl la. Elèv lekòl segondè yo gen yon pwogram manje maten tradisyonèl nan kafeterya a, epi yo ka resevwa manje maten tou apre sonèt la sonnen nan diferan kote selon lekòl la (pa egzanp: nan koridò yo, nan kafeterya a, nan sal klas yo, elatriye).

Poukisa Newark Board of Education ap ankouraje yon pwogram manje maten nan sal klas la?

Atik N.J.S.A. 18A:33-11.2 rive 18A:33-11.6 egzije pou lekòl piblik kote 70% pou pi piti elèv ki enskri yo te kalifye pou manje gratis oswa manje a pri redui nan mwa oktòb ane lekòl anvan an etabli yon Pwogram Manje Maten Apre Sonèt la (Breakfast After the Bell – BAB) ki dwe kòmanse depi nan kòmansman ane lekòl la. Yon memo ansanm Depatman Agrikilti a ak Depatman Edikasyon an, ki gen dat 25 jen 2019, mete aksan sou enpòtans pwogram manje maten lekòl yo ak efè pozitif yo genyen sou aprantisaj, sante ak reyisit akademik elèv yo. Etid yo montre ke yon manje maten ki sen ede ogmante nivo akademik elèv yo ak prezans, ni sante nitrisyonèl jeneral yo.

Kijan Newark Board of Education konpare tèt li avèk lòt distri iben ki gen nan peyi a?

New Jersey twouve li nan 25èm ran nasyonal konsènan pwogram manje maten. Newark Board of Education twouve li nan 5èm ran parapò ak 33 lòt gwo distri iben yo pou sa ki gen rapò ak sèvi pi plis elèv chak jou. An 2005, lè Newark te kòmanse pwogram li an, li te sèvi anviwon 8,000 elèv chak jou. Jodi a, pwogram nan ap sèvi prèske 28,000 repa chak jou, epi li pèmèt Distri a ogmante revni li yo pou plis pase \$3 milyon chak ane.

Konbyen manje maten an koute?

Pri a se \$0.80, sepandan, li gratis pou tout elèv Newark Board of Education yo nan kad pwogram inivèsèl pou manje maten gratis la, epi Distri a kouvri depans lan. Soumisyon aplikasyon manje midi a enpòtan anpil nan kouvèti depans lan.

Pwogram McKinney-Vento Education pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo

Pwogram Stewart B. McKinney-Vento Education pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo (McKinney-Vento EHCY) ofri elèv ki sanzabri yo pwoteksyon ak sèvis ki pèmèt yo enskri epi ale nan lekòl la, fini ansèyman lekòl segondè yo, epi vin nan pozisyon pou yo reyisi apre yo fin resevwa diplòm, yon fason pou yo kapab evite povrete epi vin sanzabri lè yo granmoun.

Definisyon sou Kalifikasyon: Kiyès Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo ye?

Timoun ak jèn ki sanzabri yo se moun ki pa gen yon domisil fiks, regilye, epi ki adekwat pou pase nuit lan, san wete (<https://www.nj.gov/education/homeless/who/>):

- Timoun ak jèn ki pataje lojman avèk lòt moun paske yo pèdi lojman yo, akòz difikilte ekonomik, oswa yon rezon ki sanble; timoun ak jèn ki ap viv nan motèl, otèl, pakin karavàn oswa teren kanpin

akoz pa gen posibilite pou yo jwenn lòt lojman ki apwopriye; timoun ak jèn ki ap viv nanabri ijans oswa tranzisyonèl; oswa timoun ak jèn yo abandone nan lopital;

- Timoun ak jèn kote rezidans prensipal pou yo pase nuit lan se yon kote piblik oswa prive, ki pa t konstwi pou sèvi kòm kote pou moun kouche regilyèman, oswa yo pa gen abiditilize nan objektif sa a;
- Timoun ak jèn ki ap viv nan machin, pak, espas piblik, nan bilding ki abandone, lojman ki sal, estasyon tren oswa bis, oswa lòt kote ki sanble; epi
- Pitit moun ki migran ki kalifye antanke sanzabri paske timoun yo ap viv nan sikonstans nou dekri anwo a.

Direktif Lwa McKinney-Vento sou Èd pou Sanzabri, Tit VII, Soutit B, Seksyon 725(2)

- Pwogram Edikasyon pou Timoun ak Jèn ki Sanzabri yo (EHCY) jwenn otorizasyon sou baz Tit VII-B Lwa McKinney-Vento sou Èd pou Sanzabri yo (42 U.S.C. 11431 et seq.) (McKinney-Vento Act). Okòmansman, yo te otorize Lwa McKinney-Vento a nan ane 1987, epi, sa pa gen twò lontan, Every Student Succeeds Act (ESSA) te otorize li ankò an desanm 2015.
- **Chapit 17 Kòd Administratif New Jersey** - Yo te adopte Edikasyon pou Elèv ki Sanzabri ak Elèv ki Plase nan Etablisman Eta a pou gen asirans timoun ki sanzabri ak elèv ki plase nan etablisman Eta a resevwa yon edikasyon ki konplè epi efikas. Chapit sa a etabli yon seri politik ak pwosedi inik toupato nan Eta a pou garanti enskripsyon timoun ki sanzabri yo, epi pou reponn apèl paran oswa lòt pati yo fè konsènan enskripsyon timoun ki sanzabri yo. Epitou, chapit la idantifye egzijans jeneral pwogram nan ki lye avèk fonksyonman, administrasyon, epi apwobasyon pwogram edikatif yo nan etablisman Eta a.

Plis Definasyon

- **Jèn Sanzabri ki Akonpaye:** Si sitiyaasyon w fè pati youn nan kategori ki anwo yo, epi w pa anba gad fizik (ap viv avèk) yon paran oswa yon responsab legal, ou ap viv nan sitiyaasyon ki respekte definisyon yon jèn sanzabri ki akonpaye.
- **Jèn Sanzabri ki Pa Akonpaye:** Si sitiyaasyon w fè pati youn nan kategori ki anwo yo, epi w pa anba gad fizik (ap viv avèk) yon paran oswa yon responsab legal, ou ap viv nan sitiyaasyon ki respekte definisyon yon jèn sanzabri ki pa akonpaye.

Gid federal revize ki pa reglemantè sa a pou pwogram McKinney-Vento a ranplase gid mwa jiyè 2004 la, epi ladan li, gen nouvo kesyon ki reflete alafwa modifikasyon ESSA pote nan Lwa McKinney-Vento a, ki te antre an vigè nan dat 1ye oktòb 2016 la, epi nouvo èd teknik sou pratik yo pwomèt pou mete sou pye yon seri egzijans nan kesyon edikasyon sanzabri yo nan nivo Eta a ak lokal. Gid la dekri egzijans ESSA epi li fè rekòmandasyon pou yo rive reponn yon gwo kantite nan egzijans sa yo.

Pwen Kontak Bilding Lekòl McKinney-Vento (MV-POC)

Yo te deziyen chak bilding lekòl kòm MV-POC pou idantifye epi soutni elèv ak fanmi ki nan yon sitiyaasyon sanzabri oswa ki deplase. Travayè Sosyal Lekòl la nan nivo Lekòl Segondè te jwenn asiyasyon pou jwe wòl sa a. Kolaborasyon w avèk Travayè Sosyal Lekòl la enpòtan pou gen asirans elèv ki deplase yo resevwa yon apwòch kolaboratif yon fason pou elimine obstak ki anpeche yo reyisi, epi pou yo jwenn yon diplòm lekòl segondè, epi gen aksè nan opòtinite apre segondè yo.

Resous pou Elèv McKinney-Vento nan Kesyon Preparasyon Inivèsite ak Karyè

Se Òganizasyon SchoolHouse Connection ki bay resous sa yo:

- Enfòmasyon FAFSA: <https://schoolhouseconnection.org/fafsa/>
- Enfòmasyon sou Bousdetid: <https://schoolhouseconnection.org/scholarship/>

Responsabilite Paran

Wòl paran yo kapab divize an twa (3) kategori prensipal: (1) wòl paran yo nan demontre sipò nan edikasyon timoun yo, (2) wòl paran yo nan fè lakay yo vin tounen yon kote ki sèten pou moun aprann, epi (3) wòl paran yo pou asire yo devwa adomisil yo fèt.

Politik Inifòm nan Edikasyon Fizik

Pwogram Edikasyon Fizik (PE) Konsèy Edikasyon Newark la fèt pou devlope abilite mouvman, kapasite espòtif ak konesans sou sante ki ankouraje fòmasyon sitwayen ki byen edike sou plan fizik epi ki an bon kondisyon fizik. Edikasyon fizik ankouraje literasi fizik atravè eksperyans aprantisaj ki byen estriktire, ki ede elèv yo metrize konpetans yo, pandan li ankouraje yon angajman pou tout lavi anvè bon kondisyon fizik, plezi, defi, ekspresyon pèsònèl ak entèraksyon sosyal.

Byenke "edikasyon fizik" ak "aktivite fizik" souvan itilize nan yon fason entèchanjab, yo diferan. Edikasyon fizik konsantre sou ansèyman konpetans ak konesans esansyèl pou mennen yon vi aktif, tandiske aktivite fizik gen ladan eksperyans ki pa estriktire, tankou tan rekreyasyon (poz oswa jwèt lib). Distri lekòl la asire elèv yo gen aksè ni ak yon ansèyman edikasyon fizik ki gen bon kalite ni ak opòtinite pou fè aktivite fizik, pou sipòte sante ak byennèt yo. An akò ak kondisyon New Jersey yo, tout elèv yo dwe resevwa 150 minit edikasyon sante ak edikasyon fizik pa semèn, separe ak lòt aktivite fizik yo.

Kondisyon Inifòm PE:

- Mayo pou edikasyon fizik (PE) ki gen logo lekòl la sou li (disponib nan lekòl la oswa kay yon founisè distri a apwouve).
- Bout pantalon pou edikasyon fizik (PE) ki gen logo lekòl la sou li (disponib nan lekòl la oswa kay yon founisè distri a apwouve).
- Chosèt
- Soulye espò (*tout kalite bòt entèdi nèt sou planche jimnazyòm nan*).
- Yo kapab mete kolan anba chòt yo
- Lè gen tan frèt, elèv yo kapab mete yon pantalon souvètman ak yon chanday pa anlè inifòm PE a

Inifòm sa a asire elèv yo ka patisipe san danje epi efektivman pandan y ap ankouraje inite ak lespri lekòl la.

Disiplin Pwogresif - Sijasyon Entèvansyon

Remak: Disiplin Pwogresif la itilize entèvansyon a plizyè etap pou ankouraje responsablite ak chanjman konpòtman. Konsekans yon konpòtman ki pa apwopriye pral pwopòsyonèlman demontre nan ki nivo ensidan an grav, epi tout lekòl yo ta dwe plis konsidere kontèks endividyèl ensidan an ak elèv la lè y ap detèmine yon repons disiplinè apwopriye.

Nivo Entèvansyon ak Repons Disiplinè**Nivo 1: Repons Reparasyon**

Pèmèt elèv la ak granmoun yo pran responsablite pou zak yo komèt, pou konprann sa ki te kapab fèt yon fason diferan, epi jwenn yon posibilite pou aprann konpòtman pwosozyal pou repare blesi a.

- Koreksyon vèbal
- Refleksyon ak eskiz alekri
- Konferans kominotè nan sal klas
- Konferans ant pwofesè ak elèv
- Konferans famiyal
- Sèvis Kominotè

- Medyasyon ant kamarad oswa avèk kominote a
- Rezolisyon Konfli
- Sèk restoratif
- Konferans restoratif
- Tribinal Jèn Newark
- Restitasyon

Nivo Entèvansyon ak Repons Disiplinè

Nivo 2: Chanjman Konpòtman

Fè prevansyon oswa korije enfrazsyon disiplinè ki pèsistan grasa yon pwosesis sistematik pou idantifye koz pwofon anrapò ak konpòtman elèv yo.

- Chanjman pwogram
- Chanjman chèz
- Detansyon
- Sèvis Entèvansyon ak Referans (I&RS)/Ekip Sipò Elèv (Student Support Team, SST)
- Referans pou Arasman, Entimidasyon, ak Agresyon (HIB)
- Restitasyon
- Evalyasyon Konpòtmantal Fonksyonèl ak Plan Amelyorasyon Konpòtmantal

- Kontra konpòtman endividyèl
- Rezolisyon litij ant kamarad oswa nan kominote
- Konferans reparasyon
- Pwojè Sèvis Aprantisaj
- Referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete ajans gouvènmantral (ki pa la pou fè aplike lalwa), òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante
- Pwogram Referans pou Fòmasyon

Nivo 3: Administratif I

Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire tou kout (sa vle di 4 jou oswa mwens), ak referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete gouvènmantral, òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante

- Chanjman Orè
- Sispansyon nan lekòl
- Sispansyon andeyò lekòl
- Referans pou egzamen detèminasyon manifestasyon (elèv ki gen andikap)

- Referans pou ajans sèvis sosyal yo, ki gen ladan ajans gouvènmantral yo (ki pa fòs lòd), òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante
- Referans Sante Mantal
- Referans Sante Konpòtmantal

Nivo 4: Administratif II

Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire ki long (sètadi pa plis pase 25 jou), ak referans pou ajans sèvis sosyal, san wete gouvènmantral, òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante.

- Transfè eskolè
- Sispansyon direktè jeneral la enpoze
- Ekspilasyon

- Referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete ajans gouvènmantral (ki pa la pou fè aplike lalwa), òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante
- Referans pou fòs lòd

Kad Repons pou Disiplin Pwogresif

<i>Nivo 1</i> Repons Reparasyon (pa egzantp Sik reparasyon, rezolisyon konfli, konferans) Pèmèt elèv lan pran responsabilite pou zak yo komèt, pou konprann sa ki te kapab fèt yon fason diferan, epi jwenn yon posibilite pou aprann konpòtman pwosozyal pou repare blesi a	<i>Nivo 2</i> Chanjman Konpòtman (pa egzantp kontra konpòtman, konsèy, sèvis kominotè, referans) Fè prevansyon oswa korije enfrazsyon disiplinè ki pèsistan grasa yon pwosesis sistematik pou idantifye koz pwofon anrapò ak konpòtman elèv yo.	<i>Nivo 3</i> Administratif I (pa egzantp ranvwa eskolè, sispansyon anndan ak deyò lekòl, referans) Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire tou kout (sètadi 4 jou oswa mwens), ak referans nan yon seri ajans sèvis sosyal (pa egzantp CBO, ak òganizasyon sante).	<i>Nivo 4</i> Administratif II (pa egzantp, Sispansyon selon direktè jeneral, kanpe, referans direktè jeneral) Repons disiplinè ki fè elèv yo kite sal klas la pou yon dire ki long (sètadi pa plis pase 25 jou), ak referans pou ajans sèvis sosyal (pa egzantp CBO, òganizasyon sante).
--	---	--	---

Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje	Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4	Kapab Refere bay Lapolis
Absans, reta, absanteyis • Reta san eskiz oswa eksèsif (L2C) • Rediksyon klas/absans (L2D) • Kite lekòl la san otorizasyon (L2Q) • Absans kwonik (L3L) • Absans kwonik (L3M)	X	X	X		
Malonète Akademik • Triche (L1C) • Malonète eskolè, egzantp plajya (L2G) • Itilize fo nòt oswa eskiz (L2F)	X	X			
Goumen • Goumen avèk yon lòt elèv (L3D)	X	X	X		
Atak sou Elèv • Pa lakoz blese, blesi ki pa grav (L3AA) • Lakoz gwo blese, blesi kòporèl ki grav (L4T)	X	X	X	X	X
Menas Bonb (L4E)	X	X	X	X	X

Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje	Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4	Kapab Refere bay Lapolis
Vyolasyon Bis (Ti Deranjman)... - Ti deranjman nan bis lekòl la oswa nan transpò piblik (L2S) - Gwo deranjman nan bis lekòl la oswa nan transpò piblik (L3CC)	X	X	X		
Deranje Sal Klas Konpòtman deranjan (L1A)	X				
Aliman ki Kontamine (L3T)	X	X	X		
Konpòtman Kontinye Nivo 1 (L2B)	X	X			
Konpòtman Kontinye Nivo 2 (L3BB)	X	X	X		
Konpòtman Nivo 3 Kontini (L4C)	X	X	X	X	
Denigreman (L2N)	X	X			
Dezobeyisans Otorite oswa Ensibòdinasyon - Pa Swiv Enstriksyon yo (L1E) - Defye otorite manm pèsònèl lekòl la (L2Y) - Defyans ekstrèm (L3N)	X	X	X		
Konpòtman san Respè - Langaj ak/oswa jès pwofàn, blesan, endesan, imoral epi/oswa ki ofansan anpil (L2A) - Konpòtman deranjan san rete (L3H)	X	X	X		
Vyolasyon Kòd Vestimantè - Mete kaskèt oswa lòt abiman ki ap deranje pwosesis edikatif la (L1F) - Pa pote kat idantite (L1H) - Mete rad oswa akseswa ki lye ak yon gang, ki endike w se manm yon gang (L2L)	X	X			

Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje	Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4	Kapab Refere bay Lapolis
Dwòg oswa Sibstans Kontwole					
Posede, itilize oswa distribye medikaman ki pa otorize (L3X)	X	X	X		
Posede oswa distribye dwòg oswa lòt sibstans kontwole, san wete alkòl, marigwana, medikaman sou òdonans, pwodui inalasyon, akseswa pou dwòg, ak lòt sibstans entoksikan (L4K)	X	X	X	X	X
Itilize dwòg oswa lòt sibstans kontwole, san wete alkòl, marigwana, medikaman sou òdonans, pwodui inalasyon, akseswa pou dwòg, ak lòt sibstans entoksikan (L4J)	X	X	X	X	
Ekstòsyon (L4D)	X	X	X	X	
Fo Deklanchman Alam Ensandi - Kreye fo alam (L3Z) - Deklanche alam ensandi (L4B)	X	X	X	X	
Ensandi Volontè oswa Kriminèl (L4I)	X	X	X	X	X
Jwe Aza (L3B)	X	X	X		
Asèlman, Entimidasyon, ak Brimad (HIB)					
- HIB (HIBL1) - HIB, suit (HIBL2)	X	X			
- HIB, menas san rete (HIBL3A) - Asèlman akòz sèks, ras, oswa orijin etnik (HIBL3C) - Asèlman seksyèl (HIBL3D) - HIB, Sibè Asèlman (HIBL3B)	X	X	X		X
- HIB, agresyon/menas (HIBL4A) - HIB, sibè asèlman (HIBL4B)	X	X	X	X	X

Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje	Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4	Kapab Refere bay Lapolis
Ensiste oswa Patisipe nan Dezòd Entèfere avèk otorite oswa pwogram eskolè yo pa mwayen debrayaj oswa sit-in (L2T)	X	X			
Ankourajman dezòd Ankouraje, oswa fòse yon lòt moun komèt oswa eseye komèt yon enfrazyon nan <i>kòd konduit la</i> (L2W).	X	X			
Kontak Fizik avèk Pèsonèl Lekòl La Atak entansyonèl sou pèsonèl lekòl la oswa lòt granmoun (L4M)	X	X	X	X	X
Posede oswa Itilize Tabak Fimen sou pwopriyete lekòl la (L2E)	X	X			
Vandalis (Andomaje Pwopriyete), ak Grafiti - Grafiti (L3C) - Vandalis, mwens pase \$500 (L3E) - Vandalis, plis pase \$500 (L4P)	X	X	X	X	
Agresyon Seksyèl (L4S) Yon zak seksyèl ki gen penetrasyon	X	X	X	X	X
Aktivite Seksyèl ki Pa Apwopriye - Kontak seksyèl ki pa apwopriye (L2M) - Jès ki endesan (L2O)	X	X			
Vyolasyon Politik Itilizasyon Teknoloji ki Aseptab (L2X)	X	X			
Itilize telefòn selilè pou lakoz yo fè yon krim byen fasil oswa pou enflije yon seri blesi oswa domaj sou moun oswa pwopriyete (L4Q)	X	X	X	X	X
Menas Kont Pèsonèl Lekòl la, Alekri oswa Vèbal (L3G)	X	X	X		

Konpòtman ki Pa Apwopriye oswa Deranje	Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4	Kapab Refere bay Lapolis
Vòl - Vòlè (L3F) - Vòlè, posede, oswa vanm pwopriyete ki vòlè (L4F)	X	X	X	X	X
Fòse Antre (L3Y)	X	X	X		
Vann oswa Distribye Materyèl Enprime san Otorizasyon (L2U)	X	X			
Itilize Aparèy Pòtab Elektwonik oswa Kominikasyon san Otorizasyon - Itilize aparèy mizikal (L2J) - Itilize telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon (L3R)	X	X	X		
Pipi oswa Poupou yon Fason ki Pa Apwopriye (L2V)	X	X			
Menas Vèbal oswa Fizik Deklarasyon yon moun fè nan entansyon pou atake yon moun, pwopriyete, oswa dwa lòt moun - Menas (L3G) - Mete lòt moun an danje (L3W) - Menas teyoris (L4R)	X	X	X	X	X
Zam, Zam Tire, Eksplozif (Posede oswa Itilize) - Fe Datifis (L3V) - Zam (L4A) - Materyèl biyolojik (L4N) - Zam danjere- Posede/Itilize (L4G) - Eksplozif (L4O)	X	X	X	X	X

+...Ale gade nan direktiv ki disponib yo pou Asèlman, Entimidasyon, ak Brimad.

+...Pou deranjman grav nan bis yo, al gade nan konpòtman apwopriye elèv la montre pou detèmine repons (yo).

Resous Transpò Piblik

Sistèm bis ak metwo lejè New Jersey Transit la se prensipal mwayen transpò pou pifò elèv nan Newark Board of Education ale lekòl epi retounen lakay yo. Pifò elèv nou yo konsidere transpò piblik kòm yon etap pou aprann konte sou tèt yo, pou grandi, epi kòm yon avantaj pou diminye blokis sou wout yo ak polisyon lè a. Yo konsidere transpò piblik yo kòm yon chwa ki baze sou bon sans pou fè ale retou lekòl nan yon gwo distri eskolè iben.

Kesyon Moun Poze Souvan**Ki moun ki kalifye pou resous transpò piblik NBOE finanse yo?**

An konfòmite avèk lwa Eta a (N.J.S.A. 18A:39-1), tout elèv nan lekòl elemantè piblik yo (klas K-8), ki abite nan yon distans ki plis pase de kilomèt parapò ak lekòl yo gen dwa jwenn tikè bis. Elèv lekòl segondè (klas 9-12) ki abite nan yon distans ki plis pase de kilomèt edmi parapò ak lekòl yo kalifye tou epi y ap resevwa yon kat bis chak mwa.

Kijan yo mezire distans ant kay yon elèv ak lekòl la?

Yo mezire distans lan selon wout ki pi kout la pandan yo pran wout piblik la oswa twotwa a, soti nan antre kay elèv la rive nan antre piblik ki pi pre bilding lekòl la. Newark Board of Education itilize sèvis yon seri katograf pwofesyonèl pou detèmine distans ki genyen ant kay elèv la ak anplasman lekòl kote elèv la enskri a.

E si pitit mwen an abite nan yon distans ki pi piti parapò ak milyaj ki obligatwa pou lekòl la?

An konfòmite avèk lwa eta a (N.J.S.A. 18A:39-1), Boards of Education pa gen obligasyon pou asire transpò elèv ki abite nan distans ki mwens pase 2.0 oswa 2.5 kilomèt parapò ak lekòl la, menm pou rezon sekirite.

Pitit mwen an kalifye. Kòman y ap kapab fè ale retou nan lekòl la?

Newark Board of Education itilize sistèm bis New Jersey Transit la. Distri a bay tikè otobis pou elèv ki kalifye soti nan jadendanfan rive nan 8yèm ane, epi li bay kat transpò (bus pass) pou elèv lekòl segondè NBOE ki kalifye yo.

Pitit mwen an kalifye. Ki kote nou dwe ale pou Resous Transpò Piblik?

Lekòl pitit ou a ap gen yon lis elèv ki kalifye. Tikè ak kat bis yo distribiye nan lekòl la, epi chak lekòl detèmine pwòp pwosesis distribisyon yo.

Si pitit mwen an pèdi tikè bis li a oswa kat bis chak mwa li a, kisa k ap pase?

Elèv yo responsab pou kenbe tikè/kat bis yo an sekirite. Tikè/kat bis ki pèdi p ap ranplase.

Pitit mwen an pa ranpli kondisyon NJDOE nan kesyon milyaj la. Èske gen nenpòt lòt bagay ki disponib? Wi, Kat Rediksyon NJ Transit pou Elèv yo disponib pou tout elèv yo epi ou kapab jwenn yo nan lekòl pitit ou a oswa nan nan Biwo Transpòtasyon Elèv yo nan 765 Broad Street (antre Bank Street).

Mwen gen lòt kesyon. Ki moun mwen dwe kontakte?

Pou plis asistans, tanpri kontakte yon manm ekip Transpò Elèv la:

- Jaleesa Dailey nan jdailey@nps.k12.nj.us (pou tikè bis)
-oswa-
- Cynthia Shaw nan cshaw@nps.k12.nj.us (pou kat bis) nan 973-733-7290, ekstansyon 8.

Demann Rekritè Militè, Enstitisyon Anseyman Siperyè, ak Potansyèl Patwon yo fè pou Jwenn Enfòmasyon sou Elèv yo

Sou baz Lwa federal sou Edikasyon Elemantè ak Segondè a (ESEA), jan Lwa sou Reyisit Chak Elèv la (ESSA) modifiye li, lekòl piblik yo dwe bay rekritè militè, rekritè kolèj/inivèsite, ak potansyèl patwon yo non, adrès, ak nimewo telefòn elèv yo, si rekritè yo mande enfòmasyon sa yo (ESSA, Title VIII, §8528). Sepandan, elèv yo oswa paran yo gen dwa fè demann alekri bay lekòl la pou yo pa bay enfòmasyon sa yo. Ou kapab jwenn kopi Lèt Notifikasyon “Refi” Paran pou Pibliye Enfòmasyon Elèv la nan men konseye eskolè elèv ou a.

Pwogram Èd pou Etidyan

Pwogram Asistans Elèv nan Newark Board of Education se yon pwogram yo kreye pou ede nan prevansyon, entèvansyon, referans pou evalyasyon, referans pou tretman, ak disponibilite swen pou elèv ki gen adiksyon alkòl, tabak, ak lòt dwòg nan lekòl primè ak segondè piblik Distri a, selon N.J.S.A. 18A:40A-3, 10, ak 15.

Objektif pwogram yo se ede elèv yo idantifye konsekans negatif yo, devlope estrateji adaptasyon ki ap pèmèt yo pran pi bon desizyon, kreye yon anviwònman ki sekirize pou yo tout, epi redwi obstak ki ka anpeche yo aprann. Kowòdonatè Asistans Elèv yo kolabore ansanm ak ajans kominotè epi ak asosye yo pou ankouraje disponibilite swen ak sèvis pou tout elèv ak fanmi yo gras ak sipò epi resous sante mantal y ap bay. Referans nan sèvis tretman yo se yon pati entegral nan Pwogram Asistans Elèv la.

Pwogram Asistans Elèv la respekte règleman Distri a ansanm ak lwa eta N.J. 18A:40A.

Konsomasyon Alkòl, Tabak ak Sibstans Toksik

Pou fè pwomosyon sante ak sekirite pou tout elèv ak anplwaye yo epi pou ankouraje pwòpte nan teritwa lekòl la, Distri a entèdi tout moun fimen oswa itilize pwodui tabak nan tout lokal lekòl yo epi sou tout lakou lekòl la kèlkeswa lè a. **(Kòd Fichye 3515)**

Selon règleman Distri a, yo defini "pwodui a baz tabak" antanke pwodui tankou, men yo pa limite sèlman ak, sigarèt, siga, vep, bidis, pip, tabak moulen, ak tout lòt fòm tabak san lafimen, papyè woule, ak nenpòt lòt atik ki genyen oswa ki sanble yon fason rezonab ak tabak oswa pwodui a baz tabak (eksepte pwodui pou ede kite abitud fimen yo). "Itilizasyon tabak" vle di fimen, moulen, tranpe, oswa nenpòt lòt fason moun konn itilize pwodui a baz tabak. “Aparèy elektwonik pou fimen” vle di yon aparèy elektwonik ki ka sèvi pou pèmèt yon moun pran nikotin oswa lòt sibstans pandan l ap respire nan aparèy tankou, men ki pa sèlman limite ak, yon sigarèt elektwonik, siga, sigariyo oswa pip.

Okenn elèv, pwofesè/manm pèsònèl, oswa vizitè lekòl pa gen dwa sèvi ak pwodui a baz tabak:

1. Nan nenpòt bilding, etablisman, oswa machin Konsèy Edikasyon an posede, lwe, oswa frete;
2. Sou nenpòt teren lekòl la ak pwopriyete - tankou teren atletik ak pakin Konsèy Edikasyon an posede, lwe, lwe, itilize (pa egzanp, pakin ki kole yo) oswa frete;
3. Nan nenpòt evènman lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la sou lokal lekòl la oswa andeyò lokal lekòl la (pa egzanp, pwomnad, bal, evènman espòtif andeyò lakou lekòl la, elatriye).

Okenn elèv pa gen dwa posede yon pwodui a baz tabak pandan li nan nenpòt bilding lekòl la, pandan li sou lokal oswa nan pwopriyete lekòl la, oswa nan nenpòt evènman lekòl la patwone oswa ki gen rapò ak lekòl la, oswa nenpòt lòt lè elèv yo anba otorite manm pèsònèl (anplwaye) lekòl la.

Direktè nan chak bilding lekòl gen otorizasyon pou siyale vyolasyon bay konsèy sante an dapre lalwa. Elèv ak anplwaye Distri a ki vyole dispozisyon règleman sa a dwe sibi mezi disiplinè ki apwopriye yo.

Y ap refere elèv ki vyole règleman Distri a gen sou itilizasyon tabak yo bay konseye asistans elèv lan (student

assistance counselor, SAC), konseye pedagogik lan, yon enfimyè lekòl la, oswa lòt sèvis sante oswa konsèy pou tout vyolasyon pou enfòmasyon sante, konsèy, ak referans. Administrasyon an pral konsilte ak òganizasyon sante ki apwopriye pou bay elèv ki an vyolasyon an aksè a yon pwogram Altènativ pou Sispansyon (Alternative-to-Suspension, ATS). Pwogram ATS la pral bay enfòmasyon ki ajou sou anpil konsekans itilizasyon tabak, li pral ofri teknik elèv yo kapab itilize pou sispann itilize tabak nan lekòl la, epi bay referans nan pwogram lokal pou jèn yo sispann konsome tabak. **(Kòd Fichye 5131.6)**

Mezi Disiplinè

Newark Board of Education entèdi itilizasyon, posesyon ak/oswa distribisyon nenpòt dwòg, alkòl, tabak, oswa estewoyid nan lokal lekòl la, ak nan nenpòt evènman ki pa nan lekòl la konsèy la fè. Tanpri, al gade **(Kòd Fichye 5131.6)** la pou jwenn règleman konplè yo.

Okenn elèv p ap sibi okenn sanksyon **nan yon kad akademik** poutèt yon tès pozitif pou alkòl oswa lòt dwòg dapre règleman Distri a.

1. Yo pral idantifye, evalye, epi pote plent dapre lalwa pou elèv yo sispèk ki sou enfluyans dwòg, alkòl, tabak, oswa estewoyid yo.
2. Se moun ki sètifye nan yon fason ki apwopriye epi ki resevwa fòmasyon nan prevansyon abi alkòl ak lòt dwòg ki pral bay evalyasyon yo.
3. Yon elèv ki itilize, posede, oswa distribiye dwòg, alkòl, tabak oswa estewoyid nan lokal lekòl la oswa pandan l ap patisipe nan yon aktivite lekòl la patwone pral sibi disiplin ki ka gen ladan sispansyon oswa ekspilasyon, epi yo ka rapòte bay pèsonèl fòs delòd yo.
4. Y ap ofri elèv yo sispèk k ap konsome alkòl, dwòg, oswa estewoyid andeyò lokal yo yon tretman ak ratrapaj apwopriye (N.J.S.A. 18A:40A-10).
5. Moun ki sètifye oswa ki gen yon fòmasyon apwopriye nan prevansyon, entèvansyon, ak swivi dwòg ak alkòl ap bay Sèvis tretman pou elèv ki afekte nan itilizasyon alkòl oswa lòt dwòg.

Posesyon, distribisyon oswa itilizasyon dwòg oswa lòt sibstans kontwòle, tankou alkòl, marigwana, medikaman sou preskripsyon, pwodwi pou respire pou bay efè (inhalants), materyèl ki sèvi pou konsome dwòg ak lòt sibstans entoksikan, yo konsidere yo kòm yon move konduit **Nivo IV** dapre Kòd Konduit Elèv yo.

Nan ka kote yo jwenn sibstans sou elèv la, Ajan Sekirite Lekòl la (School Resource Officer, SRO) oswa Polis Newark **DWE** okouran imedyatman pou jwenn sibstans yo jwenn sou elèv la.

Kèk egzanp aksyon disiplinè pou Move konpòtman Nivo IV yo se, men yo pa limite sèlman ak:

- Transfè eskolè
- Sispansyon selon direktè jeneral la
- Ekspilasyon
- Referans nan yon seri ajans sèvis sosyal, san wete ajans gouvènmantral, òganizasyon kominotè, ak òganizasyon sante
- Referans pou fòs lòd

ÈSKE OU TE KONNEN?

POLITIK NBOE, KONSOMASYON SIBSTANS TOKSIK, AK LWA ETA YO



NBOE rekonèt konsomasyon ilegal dwòg, alkòl, tabak, ak estewoyid menase devlopman pozitif elèv yo ansanm ak byennèt kominote lekòl nou an. Nou angaje nou pou nou ofri sèvis prevansyon ak entèvansyon apwopriye pou elèv nou yo. (18A:40A-10, NBOE Policy 5131.6)



Elèv yo sispèk ki konsome epi ki anba enfliyans nenpòt sibstans danjere ki anba kontwòl lalwa yo pral oblije pase tès dwòg epi fè egzamen medikal **touswit** epi yo dwe bay yon rapò sou egzamen yo pase a nan espas 24 èdtan. Elèv yo ap bezwen otorizasyon medikal pou yo kapab retounen lekòl. (N.J.S.A. 18A-40A-12)



Si w refize oswa w pa reyisi fè elèv ou a ale pase egzamen an se yon konpòtman n ap konsidere kòm neglijans medikal. N ap kontakte DCP&P an. (N.J.A.C. 6A:16-4.4(d), N.J.S.A.9:6-1 et seq, N.J.A.C.6A:16-11)



Nenpòt anplwaye NBOE ki, nan kad bòn fwa yo, ta siyale ka kote yo sispèk yon elèv anba enfliyans sibstans toksik pa dwe gen okenn chaj domaj sivil sou do li. (N.J.S.A. 18A:40A-13 and 14)



NBOE pran angajman pou l bay elèv yo mwayen pou yo konsyan, pou l fè entèvansyon ak ofri resous sou konsomasyon sibstans pou garanti siksè yo andedan ak deyò lekòl la.



SÈVIS SIPÒ POU ELÈV YO

Kat Idantifikasyon Elèv

Yo ap bay tout elèv yo yon kat idantifikasyon Lekòl la. Elèv yo dwe bay kat idantifikasyon sa a si yo mande li.

Politik sou Evalyasyon Sante, Vaksinasyon ak Medikaman Elèv yo

Yo ap fè yon evalyasyon sante elèv pou tout elèv yo selon nivo eskolè elèv la. Nouvo elèv yo dwe fè tout tès depistaj yo. Se enfimyè lekòl la ki dwe evalye elèv yo endividyèlman. Nan evalyasyon sante elèv la, dwe gen: yon obsèvasyon jeneral sou elèv la, mezi wotè ak pwa li, egzamen je, tès oditif, egzamen dantè, epi yo dwe pran tansyon li. Elèv yo dwe resevwa konsèy sante ki apwopriye selon kondisyon sante yo. Yo ap mete paran/responsab legal yo okouran konsènan tès depistaj, egzamen medikal oswa nenpòt kondisyon ki mande pou pwofesyonèl swen sante fanmi an fè yon suivi ki pi pwofon.

Tès Depistaj pou Eskolyoz

Byen souvan, yo rive detekte yon kote ki koube nan kolòn vètebral la pandan peryòd kwasans adolesan an. Si yon lòt moun nan fanmi an gen eskolyoz, vin gen plis posibilite pou ensidan sa a rive. Efè eskolyoz la depan selon jan li grav, si yo detekte li byen bonè, ansanm ak rapidite tretman an. Nan lekòl Distri a, se yon doktè eskolè, yon enfimyè eskolè, oswa yon pwofesè edikasyon fizik ki ap fè tès depistaj yo. Sou baz lalwa, tout New Jersey Board of Education dwe fè tès depistaj eskolyoz pou chak elèv ki gen 10 rive 18 lane. Yo dwe fè tès depistaj eskolyoz pou elèv yo an konfòmite avèk direktif sou eskolyoz la, sou yon baz de (2) fwa chak ane. Si yo dyagnostike yon eskolyoz lakay yon elèv, yon pwofesyonèl swen sante, yon espesyalis òtopedis, oswa yon klinik dwe suiv li (New Jersey Statute 18A:40-4.3 2025).

Vaksen

Egzijans ak Rekòmandasyon pou Vaksen:

- Difteri, tetanòs, ak koklich (DTaP, Td, oswa Tdap)
- Polyo (IPV)
- Epatit A (Rekòmande)
- Epatit B
- Lawoujòl, Mal Mouton, ak Ribeyòl (MMR)
- Varisèl
- Maladi Menengokòk
- Papiyomaviris Imen (HPV) (Rekòmande)
- Vaksen Grip (Rekòmande)

Elèv Lekòl Segondè yo dwe te resevwa yon dòz nan tout vaksen ki obligatwa yo anvan yo antre nan lekòl la. Elèv ki te vaksinen epi ki poko resevwa pwochen dòz la kapab vini nan lekòl la antanke elèv pwovizwa rive jis nan dat kote yo dwe pran vaksen an. Si elèv la soti nan yon lòt Eta oswa nan yon lòt peyi, li gen yon delè jiska 30 jou pou li bay yon kat vaksinasyon. Delè sa a pa aplike pou elèv ki transfere nan Eta a.

Politik sou Medikaman

Paran yo dwe bay enfimyè a:

- Òdonans doktè yo ki siyen, gen so epi gen dat. Li kapab sou youn (1) nan fòm Distri a.
- Fòm konsantman ki siyen yon fason pou li suiv òdonans doktè a.
- Dwe gen sa ki vin apre a nan òdonans doktè a:
 - Non medikaman an
 - Fason pou yo bay medikaman an
 - Lè pou yo bay medikaman an

- Benefisyè medikaman an
- Dozaj medikaman pou bay la
- Yo dwe bay premye dòz la lakay li
- Non, adrès ak nimewo telefòn elèv la
- Non ak nimewo telefòn famasi a ansanm ak doktè medikal oswa enfimyè pratisyèn ki fè preskripsyon an

Enfimyè eskolè a dwe egzamine tout medikaman yo kou li resevwa yo, epi li dwe note efè segondè posib yo. Si gen nenpòt enkyetid, enfimyè eskolè a ap kontakte paran/responsab legal la.

Itilizasyon Elèv yo nan Aparèy ki Bay Aksè ak Entènèt

Dapre Kòd 5142 a, elèv yo pa gen dwa itilize aparèy pèsònèl ki konekte ak entènèt (tankou telefòn entelijan, tablèt, mont entelijan, linèt entelijan, elatriye) nenpòt ki lè pandan jounen lekòl la, depi premye sonèt la rive dènye sonèt la. Peryòd depi premye sonèt la rive dènye sonèt la kòmanse lè sonèt la sonnen pou kòmanse jounen lekòl la epi li fini lè sonèt la sonnen pou fen jounen akademik la ak liberasyon elèv yo. Sa gen ladan lè elèv la sou teren oswa nan lokal lekòl la, oubyen lè li ap patisipe nan aktivite lekòl yo.

Si yon elèv vle pote yon aparèy ki konekte ak entènèt pandan jounen lekòl la, paran/gadyen legal la ak elèv la dwe siyen yon Akò Itilizasyon (User Agreement), epi akò sa a dwe deja nan dosye biwo lekòl la anvan yo pote aparèy la lekòl la.

Nan kèk sitiyasyon espesyal kote yon elèv ka bezwen yon eksepsyon, direktè lekòl la pral pran desizyon sou akomodasyon sa a dapre bezwen medikal, devlopman oswa sante ki gen dokiman pou pwouve yo.

Tit IX – Diskriminasyon ki Baze sou Sèks

Lwa ak règleman leta ak federal yo entèdi distri eskolè yo pratike diskriminasyon nan travay oswa opòtinite edikasyonèl kont nenpòt moun poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, zansèt, laj, sèks, oryantasyon afeksyon oswa seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, sitiyasyon matrimonyal, estati patenarya domestik, estati famiyal, responsablite pou sèvis nan Fòs Ame Ozetazini, nasyonalite, karaktè selilè ereditè oswa sangen nenpòt moun, enfòmasyon jenetik, oswa poutèt li refize pase yon tès jenetik oswa poutèt li pataje rezilta yon tès jenetik, oswa poutèt gwosès nan travay li oswa nan opòtinite edikasyon. Pwoteksyon leta ak federal yo pwolonje plis toujou nan kad andikap, sitiyasyon sosyal oswa ekonomik, gwosès, akouchman, andikap ki gen rapò ak gwosès, opòtinite pou vin paran aktyèlman oswa alavni, oswa sitiyasyon famiyal.

Newark Board of Education angaje l pou l asire l okenn moun pa dwe, sou baz sèks sibi eksklizyon nan patisipasyon, jwenn refi nan avantaj pou, oswa sibi enpak diskriminasyon nan kad yon pwogram oswa yon aktivite eskolè, para-eskolè, rechèch, fòmasyon pwofesyonèl, oswa lòt pwogram oswa aktivite edikasyon distri a ap dirije.

Nan nenpòt òf n ap fè bay yon elèv pou èd, avantaj, oswa sèvis, kominote lekòl la, ki gen ladan, men ki pa limite a, anplwaye Distri a, ofisye yo, volontè yo, elèv yo, oswa founisè sèvis ki a kontra yo, pa dwe fè bagay sa yo sou baz sèks:

- Trete yon moun yon fason ki diferan ak yon lòt nan idantifye kiyès ki reponn ak nenpòt egzijans oswa kondisyon pou administrasyon asistans, avantaj oswa sèvis sa.
- Founi asistans, avantaj, oswa sèvis oswa founi asistans, avantaj, oswa sèvis nan yon fason ki diferan;
- Refize founi asistans, avantaj oswa sèvis bay yon moun;
- Fòse nenpòt moun sibi règ sou konpòtman, sanksyon oswa lòt tretman ki diferan ak sa yon lòt moun ta ka sibi;
- Aplike nokenn règ konsènan domisil oswa rezidans yon elèv oswa moun k ap aplike;
- Chofe oswa pwolonje diskriminasyon kont nenpòt moun pandan l ap founi yon gwo asistans bay nenpòt ajans, òganizasyon, oswa moun ki ap fè diskriminasyon sou baz sèks nan founi asistans, avantaj, oswa sèvis bay elèv oswa anplwaye yo;
- Limite okenn moun nan jan yo ap jwi nenpòt dwa, privilèj, avantaj, oswa opòtinite.

Mezi pou Sipò Tit IX yo

Sèvis endividyalize ki pa disiplinè, ki pa baze sou pinisyon yo ofri nan fason apwopriye, jan sa rezonab ki disponib, epi gratis pou moun k ap pote plent lan oswa moun yo pote plent pou li a anvan oswa apre yon plent fòmèl, oswa nan ka kote pa gen okenn plent fòmèl ki te depoze:

- Oryantasyon;
- Referans pou sèvis sante mantal;
- Pwolongasyon dat limit oswa lòt ajisteman ki gen rapò ak kou yo;
- Modifikasyon nan orè travay oswa klas yo;
- Restriksyon mityèl sou kontak nan mitan pati yo;
- Chanjman nan lokal travay;
- Konje otorize;
- Sekirite ak siveyans ogmante.

Pou plis enfòmasyon ki gen rapò ak Tit IX ka epi ak plent, ale sou sit entènèt Distri a.

Dokiman Travay

Pou Elèv ak Responsab Swen yo:

- Vizite sit entènèt sa a epi jwenn direktiv nan pwosesis aplikasyon ki apwopriye a:
<https://nj.gov/labor/youngworkers/>

Pou Elèv yo:

- Kreye yon kont. Mete non w ak adrès imèl ou nan myworkingpapers.nj.gov. Ou ap resevwa yon lyen pou konfime adrès imèl ou.
- Ranpli aplikasyon an. Ou ap bezwen kòd inik patwon w lan ki gen 8 chif, ansanm ak non epi adrès imèl responsab swen w lan pou soumèt pati demann ou an. Si patwon w lan pa anrejistre, soumèt adrès imèl li epi li ap resevwa yon lyen pou kreye yon kont.
- Suiv pwogrè w yo. Ou kapab bezwen fè yon suivi avèk responsab swen epi patwon w lan, ki dwe soumèt pati demann yo a anvan w kapab kòmanse travay. Si yo rejte demann ou an pou kèlkeswa rezon an, ou p ap kapab travay toutotan w pa soumèt yon nouvo demann ki apwouve.
- Al travay! Ou kapab kòmanse travay apre yo fin apwouve demann ou an.
- Si w ajoute oswa chanje travay, ou bezwen soumèt yon nouvo demann pou dokiman travay.


Pou Responsab Swen an:

- Verifye imèl ou. Yon minè ki fè demann dokiman travay dwe bay non ak adrès imèl responsab swen an. Responsab swen an ap resevwa yon imèl ki gen yon lyen pou li ranpli pati pa li a nan demann lan.
- Revize aplikasyon an. Si tout bagay sanble kòrèk, telechaje prèv laj minè a epi apwouve demann lan. Dokiman prèv laj ki akseptab:
 - Sètifika nesans oswa transkripsyon sètifye
 - Lisans chofè oswa pèmi aprann minè
 - Sètifika batèm
 - Ak kontanporen otantik konsènan dat ak kote minè a fèt la
 - Paspò
 - Sètifika antre nan peyi Etazini, Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon peyi Etazini an (USCIS) bay ki montre laj minè a.
 - Polis asirans vi (akondisyon polis la date omwen yon (1) lane apati moman kote yo te prezante li kòm prèv la)

- Si w enkyè konsènan yon aspè nan travay la (sètadi orè yo, deskripsyon tach yo, elatriye), ou kapab rejte demann lan epi minè a p ap kapab kòmanse travay.
- Si w pa reyaji anrapò ak demann lan nan yon delè de (2) semèn, nou ap panse demann lan apwouve, epi minè a ap kapab kòmanse travay. Sepandan, si w vin rejte demann dokiman travay la pi devan, minè a dwe sispann travay lè sa a.

Nòt: _____

This image shows a full page of blank, lined paper. It features approximately 28 horizontal blue or grey lines spaced evenly apart, typical of notebook paper. The lines extend across the entire width of the page, leaving small margins at the top and bottom. There are no vertical lines, text, or other markings on the page.



Pwogram Lekòl/Distri



Edikasyon Granmoun

Biwo pou Edikasyon Granmoun yo sèvi antanke prensipal sipò pou Newark Board of Education pou granmoun ki ap chèche posibilite edikasyon anplis yo, epi yo devwe nan ofri yon enpak pozitif sou lavi rezidan Newark yo. Edikasyon Granmoun nan ofri pwogram ak chemen pou granmoun yo jwenn yon Diplòm Devlopman Edikasyon Jeneral (GED), patisipe nan kou Edikasyon Debaz pou Granmoun, vin gen konpetans nan Angle ak Espanyòl, patisipe nan aprantisaj/estaj nan metye espesyalize, epi suiv kou preparasyon pou inivèsite. Kou ak klas yo ouvri pou tout rezidan Newark yo, selon prensip premye rive, premye sèvi a. Pifò kou ak klas yo ouvri pou yon maksimòm 15-20 elèv. Tout elèv yo dwe gen 18 lane oswa plis, epi yo dwe kite edikasyon fòmèl la pou enskri nan kou Ekivalan Lekòl Segondè yo. Distri a ofri kou ak klas nan chak katye nan vil la.

Kou/Klas nou Ofri yo:

- Ekivalan Lekòl Segondè (HSE/GED)
- Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)
- Entwodiksyon nan lang Panyòl
- Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL)
- Entwodiksyon nan Teknoloji Enfòmatrik
- Antreprenarya pou Biznis

Pou plis enfòmasyon, tanpri, ale sou sit entènèt la nan www.nps.k12.nj.us/adult-education.

Fòmasyon Chofè

Yo ofri Edikasyon sou Kondui (Driver's Education) pou elèv dezyèm ane lekòl segondè yo (sophomores) kòm yon pati nan kou Sante II (Health II). Kou sa a bay elèv yo opòtinite pou yo pase egzamen konesans Komisyon Veyikil Motè (Motor Vehicle Commission, MVC) New Jersey la. Pou yo kalifye, elèv yo dwe enskri nan Sante II epi yo pase egzamen an ak siksè.

Pase egzamen sa a se youn nan kondisyon yo pou jwenn yon pèmi chofè. Rezilta egzamen an valab pandan dezan epi yo dwe soumèt anvan elèv la rive gen 18 lane. Elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividyalye (Individualized Education Program, IEP) ka pran egzamen an lè yo gen 18 an avèk apwobasyon distri a.

Kou sa a aliyen ak Manyèl Chofè New Jersey la (New Jersey Driver's Manual) epi li suiv Nòm Aprantisaj Elèv New Jersey yo (NJSLS) pou Sante Konplè ak Edikasyon Fizik, ansanm ak Literasi Teknolojik.

Sijè kle yo gen ladan yo:

- Don ògàn ak tisi:
- Konsyantizasyon alkòl ak dwòg
- Konduit Defansif
- Koutwazi ak Sekirite sou Otowout yo
- Risk ki genyen nan kondwi agresif (pa egzanp: depase vitès ki otorize, chanje liy sikilasyon yon fason danjere, pa respekte limyè sikilasyon yo, oswa pa bay pasaj lè sa nesèsè).
- Lwa ki gen pou wè ak veyikil motè yo ak responsabilite ki gen rapò ak asirans

Enstriksyon Adomisil

Nenpòt elèv ki gen yon maladi oswa yon blesi tanporè ki lakoz li enposib pou li vin lekòl oswa yo pa konseye li vin lekòl lajounen oswa nan lòt posibilite pwogram edikatif, kapab resevwa yon enstriksyon adomisil. Se Newark Board of Education an ki ap asire enstriksyon adomisil oswa nan yon lòt kad yo.

Objektif Enstriksyon Adomisil la se ede elèv la kontinye kenbe ansèyman yo pandan absans elèv la nan pwogram regilye a.

Pou kalifye pou enstriksyon adomisil, paran/responsab legal la dwe bay yon demann pou enstriksyon medikal adomisil, ki gen ladan li yon deklarasyon doktè elèv la voye ki endike elèv la ap konfine lakay li oswa nan yon lòt lokal tretman pou 10 jou lekòl konsekitif oswa 20 oswa plis jou lekòl antou pandan ane eskolè a. Doktè elèv la dwe montre alekri, elèv la pa kapab ale lekòl la pandan yon peryòd 10 jounen lekòl konsekitif oswa 20 oswa plis jou lekòl antou pandan ane eskolè a.

Enstriksyon adomisil la limite pou yon peryòd 60 jou. Si yo prevwa elèv la ap bezwen yon enstriksyon medikal adomisil anplis ki depase kantite tan apwouve a, enfimyè lekòl la dwe ranpli yon nouvo fòm Demann pou Enstriksyon Medikal Adomisil anvan dat pou enstriksyon an fini an. Yo p ap dispanse enstriksyon adomisil la lè gen mwens pase dis (10) jou oswa pi piti jou ki rete nan ane eskolè a.

Pou yo kapab bay yon elèv edikasyon espesyal enstriksyon adomisil, dwe gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP). Si yon paran/responsab legal oswa yon doktè mande pou yon elèv edikasyon espesyal resevwa enstriksyon adomisil pou yon peryòd tan ki pi long pase 30 jou lekòl, IEP a dwe modifye pou li reflekte chanjman plasman sa a.

Tout enstriktè a domisil yo se pwofesè ki byen kalifye ki apwouve alavans devan Newark Board of Education lan. Se Kowòdonatè Enstriksyon Adomisil la ki ap deziyen enstriktè adomisil yo. Seleksyon enstriktè adomisil pou elèv yo ap baze sou yon seri pratik ki etabli epi ki apwouve.

Pwogram Espòtif entèskolè yo

Distri a ofri yon pakèt domèn espò entèskolè nan nivo inivèsité (varsity), jinyò (junior varsity), ak premye ane (freshman). Pwogram yo gen ladan yo:

Bezbo	Foutbòl Ameriken	Natasyon (Co-Ed)
Baskètbòl (Gason ak Fi)	Gòlf (Co-Ed)	Tenis (Gason ak Fi)
Bolin (Co-Ed)	Oke sou Glas (Gason ak Fi)	Atletis (Gason ak Fi)
Tchèlidè (Co-Ed)	Atletis Enteryè (Gason ak Fi)	Volebòl (Gason ak Fi)
Cross Country (Gason ak Fi)	Lakwòs (Gason ak Fi)	Lit (Gason ak Fi)
Eskrim	Foutbòl (Gason ak Fi)	
Foutbòl a Banyè (Fi)	Sòfbòl	

Se pa tout lekòl ki ofri tout espò yo. Sepandan, elèv ki frekante yon lekòl mayetik (magnet school) oswa yon lekòl espesyalize ka gen opòtinite pou patisipe nan aktivite espòtif nan yon lòt lekòl nan Distri a. Elèv yo ta dwe kontakte Direktè Atletik lekòl yo a pou plis enfòmasyon.

Kalifikasyon pou Atletis Entèskolè

Tout elèv-atlèt ki nan klas 9yèm rive 12yèm ane yo dwe respektè kondisyon kalifikasyon Asosyasyon Espò Entèskolè Eta New Jersey a (NJSIAA) tabli. Direktiv sa yo disponib atravè Direktè Atletik lekòl yo ak sou sit entènèt NJSIAA a (www.njsiaa.org).

Kalifikasyon akademik se yon eleman kle nan patisipasyon epi depatman Atletik ak Konsèy la verifiye li nan kòmansman chak sezon.

Kondisyon Kalifikasyon Akademik yo

- **Premye Semès (Sik 1 & 2):** Elèv ki nan 10èm rive 12èm ane yo dwe genyen omwen 30 kredi yo te jwenn pandan ane lekòl anvan an (tankou kou ete yo) pou yo kalifye. Elèv k ap antre nan 9yèm ane yo kalifye otomatikman pou espò otòn ak ivè.

- Dezyèm Semès (Sik 3 & 4): Elèv ki nan 9yèm rive 12yèm ane yo dwe jwenn omwen 15 kredi pandan premye semès la. Etidyan ki pa ranpli kondisyon sa a ka reprann kalifikasyon anvan 1ye me si yo akimile omwen 22.5 kredi.
- Elèv ki gen 19 an anvan 1ye septanm pa kalifye pou patisipe. Sepandan, yo ka mande yon dewogasyon bò kote NJSIAA si gen sikonstans espesyal oswa ekstrawòdinè ki jistifye sa.
- Elèv yo ka patisipe nan atletik pou jiska 8 semès youn apre lòt, kòmanse nan 9èm ane.
- Elèv ki vin akademikman pa elijib pandan yon sezon ka konplete sezon sa a.
- Lòt kondisyon Game Point Task Force la etabli yo dwe respekte tou.

Gwoup Travay sou Pwen Match

Game Point Task Force la etabli estanda ak mezi responsabilizasyon pou patisipasyon elèv yo nan aktivite kourikilòm yo. Komite a te gen ladan antrenè, elèv, paran, pwofesyonèl, ak reprezantan edikasyon siperyè.

An akò ak **Kòd Dosye Politik 6145**, kondisyon sa yo aplike:

- Yon mwayèn jeneral minimòm (GPA) 2.0 nan semès ki sot pase a obligatwa pou elèv la kapab patisipe
- Yo ka akòde yon peryòd pwobasyon yon sèl fwa pou elèv ki nan 10èm rive 12èm ane yo akòz sikonstans espesyal oswa sikonstans ki jistifye yon eksepsyon
- Elèv nan klas siperyè yo ka mande yon dezyèm dispans pou peryòd pwobasyon an, men demann nan dwe pase anba revizyon Komite Apèl sou Kalifikasyon Distri a
- Elèv ki gen yon mwayèn jeneral (GPA) ki pi ba pase 2.5 dwe resevwa sipò akademik (pa egzanp: lesou patikilye, mantò, oswa rekipasyon kredi)
- Yo atann pou ekip yo fè sèvis kominotè epi fikse objektif akademik yo
- Direktè espòtif yo ak antrenè yo dwe revize règleman sa a pandan reyinyon anvan sezon an

Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo

Newark Board of Education ap travay pou asire tout elèv bileng emèjan yo resevwa diplòm pandan yo prepare pou reysisit inivèsité ak pwofesyonèl. Sa mande pou yo vin gen yon konsyans kiltirèl konsènan wòl endividyèl yo jwe antanke moun ki ap kontribiye nan kominote mondyal la. Nou ap rive atenn objektif sa a lè nou pèmèt elèv yo gen aksè nan yon pwogram solid ansanm ak yon edikasyon ki konsidere lang, kilti ak divèsite elèv yo.

Lekòl nou yo pran angajman pou bay elèv bileng emèjan nou yo yon seri pwogram ansèyman bon kalite, yon fason pou amelyore rezilta eskolè yo. Elèv ki bezwen sèvis sipò lengwistik yo jwenn èd grasa klas bileng yo ansanm ak klas Anglè Kòm yon Dezyèm Lang yo (English as a Second Language, ESL). Se yon seri pwofesè ki sètifye nan matyè yo ap anseye a epi ki demontre metriz nan yon lòt lang ki anseye kou bileng yo. Distri a pwopoze kou bileng pou elèv lang natif natal yo se Espanyòl, Pòtigè, ak Fransè. Se yon seri pwofesè ki sètifye pou anseye elèv yo Anglè ki ap anseye kou ESL yo. Pwofèsè ESL yo ap travay avèk tout elèv bileng emèjan yo, epi yo fè kou tande, ekspresyon oral, lekti, ak ekriti pou yo chak jou.

Chak lekòl gen yon Pwofèsè Evalyasyon Bezwen Bileng (Bilingual Needs Assessment Teacher, BNAT) pou reponn kesyon elèv ak paran yo genyen sou pwogram sipò lekòl la ofri yo. Tanpri, kontakte lekòl timoun ou an si w gen kesyon sou pwogram sipò lengwistik lekòl segondè a.

Pwogram Sipò Lengwistik Lekòl Segondè	
Lekòl (yo)	Pwogram Sipò Lengwistik
Barringer High School Malcolm X Shabazz High School	Panyòl Bileng Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)
Central High School	Panyòl Bileng ak Fransè Bileng Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)
East Side High School Newark School of Architecture & Interior Design	Panyòl Bileng ak Pòtigè Bileng Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)
Newark School of Data Science & Information Technology Newark Vocational High School	Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL)
American History High School Arts High School Bard High School Early College Eagle Academy Nouvo Medya Newark School of Fashion & Design Newark School of Global Studies Science Park High School Technology High School University High School West Side High School Weequahic High School John F. Kennedy School New Jersey Regional Day	Ansèyman Anglè nan Milye Pwoteje

Sistèm Sipò ki Gen Plizyè Nivo Eta Florida an (Multi-Tiered System of Support, MTSS) Pwogram Byennèt Elèv

Komisyon Konsèy Edikasyon Newark la vin ak yon Pwogram Byennèt Elèv ann kad Sistèm Sipò a Plizyè Nivo (MTSS) ki konplè pou tout lekòl yo.

Pwogram Byennèt Elèv Distri a devlope pou ede elèv yo rive jwenn pi bon siksè posib lè li adrese pwoblèm ki afekte byennèt sosyal ak emosyonèl yo. MTSS gen ladann yon kad ki chita sou aksyon ak prevansyon ki entegre done ak ansèyman pou ogmante ak amelyore siksè elèv yo, epi tou ki sipòte bezwen sosyal, emosyonèl, ak konpòtman elèv yo nan yon pèspektiv ki baze sou fòs yo. Pwogram Byennèt Elèv MTSS Distri a ofri yon kad pou edikasyon kote yo kapab angaje ak kolabore ak ajans kominotè eskolè nou yo pou ede yo nan pran desizyon ki baze sou done ki an rapò ak amelyorasyon pwogram, ansèyman ak entèvansyon bon jan kalite, aprantisaj sosyal ak emosyonèl, ak sipò pozitif pou konpòtman ki nesès pou asire rezilta pozitif pou kominote eskolè a. Yo ofri konsèy terapeetik tou nan lekòl yo pou ede elèv yo idantifye faktè risk sa yo ki afekte kapasite pou yo pran desizyon sen, bati relasyon ki sen, epi kenbe yon mantalite pozitif.

Elèv ki enterese resevwa sèvis konsèy terapeetik nan Pwogram Byennèt Elèv la dwe ranpli epi retounen yon fòm konsantman yon paran/responsab legal siyen ki kapab otorize yo resevwa sèvis sipò nan lekòl la. Pa pèdi tan pou kontakte konseye lekòl ou a oswa travayè sosyal ou a pou jwenn plis enfòmasyon.

Nivo 1 - Sipò Inivèsèl**Erika's Lighthouse – Kourikoulòm Prevansyon Swisid**

Erika's Lighthouse ofri resous edikatif ki vize sansibilize elèv yo sou sante mantal, depresyon, ak prevansyon swisid. Pwogram nan ede elèv yo rekonèt siy ak sentòm depresyon ak pèmèt yo aji pou sipòte tèt yo ak lòt moun.

Fòmilè pou Elèv Fè Pwòp Demann li pou Sèvis Byennèt

Distri a mete an plas yon Fòmilè Oto-Referans pou Byennèt Elèv yo, ki pèmèt elèv yo mande sèvis konsèy sou sante mantal dirèkteman. Lè elèv la fin ranpli fòmilè a, travayè sosyal lekòl la analize epi klase demann nan pou asire elèv la mete nan pwogram sipò ki pi apwopriye a.

Nivo 2 & 3 - Entèkansyon Sible ak Entansif**NJ4S – Sèvis Sipò pou Elèv nan tout Eta New Jersey**

NJ4S ofri gwoup devlopman konpetans pou jèn yo, ansanm ak konsèy endividyèl pou elèv ki gen gwo difikilte. Sèvis sa yo gen pou objektif bati rezistans epi sipòte byennèt mantal atravè pwogram aksesib ak kominotè.

Nivo 3 - Entèkansyon Entansif**988 - Apèl | Tèks**

Liy asistans 988 lan disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou ede nenpòt moun k ap fè fas ak detès sikolojik oswa yon kriz. Rele oswa tèks 988 pou konekte avèk yon pwofesyonèl sante mantal ki resevwa fòmasyon.

Newark Evening Educational Center**Misyon**

Objektif Newark Evening Educational Center se etabli yon kominote ki sekirize epi solidè, ki kiltive angajman sosyal, emosyonèl, ekonomik epi sivik, pou moun ki ap aprann poukont yo, nan yon anviwònman aprantisaj responsab, enpòtan epi ki solid.

Swen Je

Newark Evening Educational Center se yon anviwònman aprantisaj divèsifye kote elèv nan monn reyèl la angaje yo nan yon echanj ide ki ouvri pou demonstre vrè potansyèl yo.

Rezime Pwogram lan

Newark Evening Educational Center (NEEC) bay granmoun ki ap aprann yo yon opòtinite pou jwenn yon diplòm etid segondè yon fason pou yo atenn objektif yo nan kesyon edikasyon, karyè ak vi pèsònèl. Epitou, pwogram edikatif sa a pou granmoun yo prepare elèv yo pou evalyasyon General Educational Development (GED). Granmoun ki ap aprann ki enskri nan pwogram nan gen posibilite amelyore konpetans yo nan kominikasyon Anglè grasa kou Anglè kòm yon Dezyèm Lang (ESL). Elèv ki bezwen kredi siplemantè anplis pwogram etid aktyèl yo pou yo jwenn yon diplòm etid segondè nan lekòl orijin yo anvan fen mwa jen ane eskolè ki ankou a, kapap enskri nan pwogram nan. Nan fen pwogram nan, diplome yo ap angaje yo nan devlope yon kourikoulòm vite ak yon pòtfèy pwofesyonèl, yo ap prepare yon plan antrepriz, etabli yon bidjè epi reyalize yon seri travay sentèz antanke yon pati entegral nan aprantisaj pandan 21yèm syèk la.

NEEC òganize enskripsyon nan sezon otòn ak prentan nan chak ane eskolè avèk yon kota enskripsyon anliy pou 270 elèv. Moun ki enskri yo dwe ap viv nan Newark, yo dwe kite lekòl yon fason ofisyèl, epi yo dwe gen 18 lane oswa plis. Tout klas yo vityèl. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt la nan <https://www.nps.k12.nj.us/neec/>.

RethinkEd

RethinkEd se yon sèvis anliy ki fèt pou elèv yo, pou paran yo, anseyan ak pèsònèl sipò yo. Se yon seri ekspè nan domèn aprantisaj sosyo emosyonèl (SEL) ki ekri li. Pwogram SEL RethinkEd la kouvri 5 konpetans: Oto-konsyans ak lòt yo; Oto Jesyon; Konpetans Sosyal; Konsyans Sosyal; epi Swen Pèsònèl. Chak domèn nan kontni an mache avèk yon seri sijè ki koresponn, tankou respè, konsantrasyon ak rezoud konfli.

RethinkEd pwopoze resous gratis pou elèv, manm pèsònèl ak fanmi yo yon fason pou favorize byennèt sosyal ak emosyonèl. Pwogram nan bay yon seri estrateji ak zouti pou ede nan devlope konpetans ki itil pou jere emosyon tankou estrès ak enkyetid, pou etabli pi bon relasyon avèk anseyan yo, kamarad ak moun pwòch yo, epi pou pi byen reyisi nan domèn akademik ak pwofesyonèl pi devan nan lavi a. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt Distri a:

<https://www.nps.k12.nj.us/departments/studentlife/social-emotional-learning/>.

Elèv yo ka:

- Fè yon Oto-Evalyasyon Sosyo Emosyonèl pou pi byen enfòme pwofesè, manm pèsònèl, ak administratè yo konsènan fòs ak bezwen yo,
- Gade Videyo Sosyo Emosyonèl ki gen rapò ak senk Konpetans Kolaborativ SEL yo pou Akademik, Sosyal, ak Aprantisaj Emosyonèl (CASEL);
- Konplete aktivite Ekstansyon pou leson yo pa mwayen platfòm nan;
- Aprann diferan estrateji ak teknik pou ranfòse byennèt sosyal ak emosyonèl;
- Gen aksè nan RethinkEd pa mwayen pòtay elèv la epi konekte nan Clever.

	Kijan pou Konekte
Clever	
rethinkEd	

Pwogram Edikasyon Espesyal ak Ane Eskolè Pwolonje

Newark Board of Education ap fè efò pou bay pi gwo kalite edikasyon an nan yon anviwònman ki mwens restriktif posib pou elèv ki bezwen yon edikasyon espesyal ak sèvis ki lye avèk li yo. Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE) ofri yon kontinyòm sèvis konplè pou elèv, Ekip Etid Timoun nan (Child Study Team) te evalye yo. Yonfwa yo fin detèmine kalifikasyon an, yo ap devlope yon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) ki bay detay sou bezwen byen presi yo ak estrateji pou reyisit eskolè ak/oswa devlopman sosyal/emosyonèl. Yo mete IEP a anplas avèk konsantman alekri paran/responsab legal la. Manm pèsònèl OSE yo ap fè efò pou reponn bezwen sosyal, emosyonèl ak edikatif elèv yo. Yo deziyen yon seri jesyonè dosye pou sèvi antanke pwen kontak ant elèv yo, fanmi yo ak lekòl la, epi pou kowòdone devlopman, suivi, ak evalyasyon efikasite IEP a. Epitou, yo ap kowòdone pwosesis egzamen ak re-evalyasyon chak ane a.

Nan Pwogram Edikasyon Espesyal Lekòl Segondè a gen Ansèyman Jeneral avèk amenajman ak modifikasyon, Twoub Oditif, Otis, Twoub Regilasyon Emosyonèl, Andikap Entelektyèl Lejè, Twoub Langaj/Aprantisaj Lejè/Modere, Twoub Langaj/Aprantisaj ki Grav, Plizyè Andikap, ansanm ak Resous. Resous nan klas se yon pwogram ki pèmèt yon elèv ki gen bezwen edikasyon espesyal aprann nan yon klas edikasyon jeneral avèk sipò yon pwofesè edikasyon espesyal ki ap travay nan kolaborasyon avèk pwofesè ki anseye matyè a pou devlope estrateji pou mete pwogram etid la sou pye yon fason ki efikas. Klas edikasyon espesyal ki poukont yo gen yon seri pwofesè edikasyon espesyal ki bay elèv ki bezwen sèvis edikasyon espesyal yo yon seri teknik, estrateji, ak modifikasyon. Yo bay elèv yo sèvis ki lye avèk sa an konfòmite avèk egzijans IEP yo a, jan ekip IEP chak elèv detèmine sa.

Planifikasyon ak sèvis tranzisyon yo antre nan pwogram edikasyon espesyal pou elèv ki gen laj 14 rive 21 lane yo. NBOE pran angajman pou devlope epi kenbe kolaborasyon avèk manm pèsònèl distri a ansanm ak ajans ekstèn yo pou gen asirans elèv yo gen posibilite pou yo enplike nan sa ki vin apre a:

- Konplete epi gide konpreyansyon envantè enterè yo ansanm ak evalyasyon konpetans yo.
- Enstriksyon oto-defans (san wete enstriksyon sou planifikasyon ki santre sou moun nan), ki kapab antre nan mantora kamarad yo (san wete mantora kamarad pou moun ki gen andikap ki ap travay nan yon travay entegre ki konpetitif).
- Fòmasyon nan preparasyon travay pou devlope konpetans sosyal ak endepandans.
- Konsèy pou chèche travay.
- Yon seri eksperyans aprantisaj ki baze sou travay, ki kapab gen opòtinite nan lekòl oswa apre lekòl, oswa eksperyans andeyò kad eskolè tradisyonèl la (san wete estaj), yo bay nan yon anviwònman ki entegre anndan kominote a nan mezi sa posib.
- Possibilite pou enskri nan yon seri pwogram tranzisyon oswa edikasyon apre segondè ki konplè, nan etablisman ansèyman siperyè.

Ekip IEP a kreye plan tranzisyon pou chak elèv, sou baz bezwen endividyèl ak preferans pèsònèl endividyèl. Chak lekòl gen yon Ekip Etid Timoun (CST) ki asiyen pou soutni elèv ki resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki lye avèk li yo. Sit entènèt Distri a bay enfòmasyon kontak pou manm CST yo: <https://www.nps.k12.nj.us/departments/special-education/child-study-team/>.

Tanpri, kontakte CST ou a si w gen nenpòt kesyon konsènan pwogram oswa sèvis lekòl segondè yo. Epitou ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte administratè Biwo Edikasyon Espesyal la sou sit entènèt Distri a: <https://www.nps.k12.nj.us/departments/special-education/>.

Ane Eskolè Pwolonje

Pwogram High School Extended School Year (ESY) la fèt pou elèv ki gen bezwen espesyal yo, sitou elèv ki otis, ki gen plizyè andikap yo, epi ki gen andikap entèlektyèl yo. Elèv nan pwogram ESY a bezwen jwenn sèvis ki ale pi lwen pase ane eskolè tradisyonèl la, an konfòmite avèk Plan Edikasyon Pèsonalize a (IEP).

Klas: Klas 9yèm rive 12yèm ane aktyèl

Dat: 6 jiyè - 7 out 2026 (Central, JFK, NJRD ak Weequahic)

Orè Fonksyonman: 8:30 AM-12:30 PM (*Remak: Gen kèk pwogram espesyalize ki kapab gen yon kalandriye ki pi kout. Yo ap konfime orè yo pandan enskripsyon elèv la*)

Yo ap Sèvi Manje Maten ak Manje Midi? Wi

Lokal kote gen Pwogram Ane Eskolè Pwolonje pou Lekòl Segondè a:

Pwogram Edikasyon Espesyal la	Klas	Lokal Lekòl Ete
Otis	9-12 ane	John F. Kennedy ak New Jersey Regional Day
Plizyè Andikap	9-12 ane	John F. Kennedy ak New Jersey Regional Day
Andikap Entèlektyèl-Lejè	Soti de 9yèm pou rive nan 12yèm ane	Weequahic High School

Enskripsyon: Enskripsyon pou ane lekòl pwolonje a disponib atravè aplikasyon sou Entènèt ak nan Biwo Edikasyon Espesyal la. Aprè enskripsyon sou entènèt la, ou dwe fin fè enskripsyon an avèk Ekip Etid Timoun lan nan lekòl timoun ou an. Tanpri, kontakte Ekip Etid Timoun lan nan lekòl timoun ou an pou konn kijan w kapab enskri. Pwogram Ete Lekòl Segondè a fèt pou elèv Klas 9-12 yo.

Pwogram Edikasyon Espesyal nan Lekòl Segondè

Lekòl	Pwogram	Pwogram	Pwogram	Pwogram	Pwogram Tranzisyon
Istwa Amerikèn	Resous nan Klas				Laj 18-21 lane
Achitekti ak Konsepsyon Enteryè	Resous nan Klas				
Travay Atistik	Resous nan Klas				
Bard Early College	Resous nan Klas				
Barringer	Resous nan Klas	Twoub Règleman Emosyonèl	Twoub Aprantisaj/ Langaj Lejè/Modere	Twoub Aprantisaj/ Langaj ki Grav	
Central	Resous nan Klas	Otis Yr. 9, 10, 11, 12	Twoub Aprantisaj/ Langaj Lejè/Modere	Twoub Aprantisaj/ Langaj ki Grav	Laj 18-21 lane
Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji	Resous nan Klas				
Eagle Academy	Resous nan Klas	Twoub Aprantisaj/ Langaj Lejè/Modere			
East Side	Resous nan Klas	Twoub Aprantisaj/ Langaj Lejè/Modere	Plizyè Andikap		Laj 18-21 lane
Travay atistik ak Konsepsyon	Resous nan Klas				
Etid Global	Resous nan Klas				
John F. Kennedy	Otis	Plizyè Andikap			Laj 18-21 lane
Malcolm X Shabazz	Resous nan Klas	Twoub Règleman Emosyonèl			
New Jersey Regional Day	Plizyè Andikap				Laj 18-21 lane
Nouvo Medya	Resous nan Klas				
Newark Vocational	Resous nan Klas				
Science Park	Resous nan Klas				
Technology	Resous nan Klas	Twoub Oditif			
Inivèsite	Resous nan Klas				
Weequahic	Resous nan Klas	Andikap Entèlektyèl-Lejè	Twoub Aprantisaj/ Langaj Lejè/Modere		Laj 18-21 lane
West Side	Resous nan Klas	Twoub Aprantisaj/ Langaj Lejè/Modere	Twoub Aprantisaj/ Langaj ki Grav		

Egzijans pou Jwenn Diplòm



Direktè Jeneral León ak elèv nan klas 2026 la pandan Sware Rekonpans Akademik la.

Pwomosyon 2026

Te Fè plis pase
\$269 Milyon Dola
nan Bousdetid Inivèsité



Pwomosyon 2026

Te Ede Paran yo Ekonomize
plis pase
\$17.5 Milyon Dola
Nan pran Kou Inivèsité yo
nan Lekòl Segondè



Pwomosyon 2026

194 Finisan nan Lekòl Segondè
te rive Jwenn Diplòm Asosye



Felisitasyon ak klas finisan Bard Early College, East Side, University, ak West Side High Schools yo!



Pwomosyon 2026

531 Finisan nan Lekòl Segondè
te resevwa So Konpetans Bileng Eta a



Plizyè elèv resevwa So a nan plizyè lang.



Kou Plasman Avanse, Bakaloreya Entènasyonal, Doub Enskripsyon nan Inivèsite Doub epi Kouak Mansyon Ekselans
 Kou Nivo Avanse (Advanced Placement, AP), Bakaloreya Entènasyonal (International Baccalaureate, IB), Kou Doub Enskripsyon nan Inivèsite (College Dual Enrollment), ak kou onorifik yo diferan ak lòt kou akademik yo paske yo mande plis nivo egzijans pou elèv yo, plis travay endepandan, yon rit aprantisaj ki pi rapid, ansanm ak yon etid ki pi laj ak pi fon sou sijè yo. Kidonk, elèv yo ak paran yo dwe konsidere atant sa yo, ansanm ak rekòmandasyon depatman an, epi yo dwe chèche ekilibre egzijans kou yo selon kapasite, enterè, ansanm ak tan ki konsakre pou lòt aktivite yo. Konsènan kou AP yo, tout elèv ki enskri nan yon kou AP dwe pran egzamen AP ki koresponn ak kou a. Pandan elèv yo ap chwazi kou, yo dwe pale avèk paran yo, pwofesè yo epi konseye eskolè a pou jwenn sa ki pi bon pou yo a.

Pozisyon nan Klas la

Yo kalkile klasman elèv nan fen chak ane lekòl apati kòwòt 9yèm ane a. Klasman sa a se yon klasman kimilatif, paske nòt final yo kalkile nan fen chak semès. Li gen ladan mwayèn kimilatif (GPA) nòt final tout kou ki fini yo. Klasman akademik la toujou konpare elèv ki nan menm nivo oswa menm pwomosyon an pandan kat ane lekòl segondè yo.

Klasman Mitan Ane (Elèv Dènye Ane Sèlman)

Nan fen premye semès dènye ane lekòl segondè a (senior year), yo fè yon kalkil pou detèmine mwayèn final kou ki dire tout ane a. Mwayèn sa a baze sou: 40 % nòt premye trimès la (Quarter 1), 40 % nòt dezyèm trimès la (Quarter 2), ak 20 % nòt egzamen mitan semès la (Midterm). Klasman mitan ane a (Mid-Year Class Rank) kalkile apati nòt final elèv yo jwenn depi 9èm rive 12èm ane, ansanm ak mwayèn ki kalkile pou premye semès la. Klasman mitan ane a (Mid-Year Class Rank) konsève pèmananman epi li sèvi pou detèmine Majò (Valedictorian) ak Dezyèm (Salutatorian) chak pwomosyon ki gradye nan lekòl segondè a. Menm si tout elèv 12èm ane yo enkli nan klasman mitan ane a (Mid-Year Class Rank), yon elèv ki antre nan lekòl la pou premye fwa pandan 12èm ane a pa kalifye ni pou tit Majò (Valedictorian) ni pou tit Dezyèm (Salutatorian).

Pozisyon nan klas la baze sèlman sou kou elèv la suiv yo, epi li parèt sou relve nòt ofisyèl Distri a. Tank li ap suiv kou yo epi yo ap anrejistre nòt yo, se tank klasman jeneral klas la kapab chanje.

Sèvis kominotè

Elèv yo gen obligasyon pou fini katreven (80) èdtan sèvis kominotè nan kad egzijans fen detid yo. Yo kapab fè katreven èdtan sa yo sou yon peryòd kat (4) lane epi yo dwe ekri yo yon kote grasa fèy sèvis kominotè yo. Èdtan sèvis kominotè yo kapab fèt yon fason endepandan oswa nan kad pwogram sèvis aprantisaj la ak/oswa pwogram yon sèvis lekòl la ap dirije. Yo sijere pou elèv yo fè ven (20) èdtan chak ane.

Anba a w ap jwenn yon echantyon konsènan aktivite ki lye ak lekòl la kote elèv yo ka fè 20 èdtan yo:

+Responsab Klas
 +Sosyete Onè

+Ekip Espò
 +Fanfa

+Ajan/Manm Konsèy Elèv
 +Medyasyon ant Kanmarad

Lòt 60 èdtan ki rete yo kapab fèt nan kad patisipasyon nan yon kominote relijye, yon lopital, yon mezon retrèt, Boys Scouts, Girls Scouts ak lòt pwogram kominotè.

Sekans Kou yo ak Apèsi sou Kou yo Ofri Aktyèlman yo (130 Kredi)

Chak lekòl segondè pwopoze diferan sekans kou pou konplete egzijans debaz pou jwenn diplòm nan, epi yo bay elèv yo yon seri posibilite espesyal pou eksplòre epi apwofondi enterè akademik yo. Sekans kou yo se yon seri gid pou pakou akademik yo ki pèmèt elèv yo atenn yon seri objektif akademik byen presi, epi yo pa dwe anglobe.

Pa egzanp, yon elèv kapab enterese nan pousuiv Mathématiques Honors and Career and Technical Education (CTE), men, li pa enterese nan pousuiv English Honors. Elèv yo dwe konsidere posiblité sekans kou yo ofri yo, epi yo dwe kreye yon pakou pèsonèl ki gen sans ki reponn ak egzijans pou yo jwenn diplòm nan, epi ki ofri posiblité pou yo pou suiv enterè yo.

Klas 9yèm Ane [40 kredi]	Klas 10yèm Ane [80 kredi]	Klas 11yèm Ane [120 kredi]	Klas 12yèm Ane [160 kredi]
Anglè I	Anglè II	Anglè III	Anglè IV
Aljèb I	Jewometri (+ Aljèb II)	Aljèb II (Pre-Kalkil)	Pre-Kalkil (Kalkil)
Jewometri (+ Aljèb II)	Aljèb II (Pre-Kalkil)	Pre-Kalkil (Kalkil AB)	Kalkil AB (Kalkil BC)
Lang Mondyal I	Lang Mondyal II	Ochwa 5/CTE	Ochwa 8/CTE
Biyoloji ak Laboratwa	Fizik ak Laboratwa	Chimi ak Laboratwa	Kou Syans 4
PE/HE I	PE/HE II	PE/HE III	PE/HE IV
Istwa Mondyal	Istwa Etazini I	Istwa Etazini II	Literati Finansye/ Elektiv SS
Ochwa 1/CTE	Ochwa 3/CTE	Ochwa 6/CTE	Ochwa 9/CTE
Ochwa 2/CTE	Ochwa 4/CTE	Ochwa 7/CTE	Kou Sou Travay Atistik Vizyèl/Pèfòmans

Demann Èd Federal Gratis pou Elèv/Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ

Kòmanse ak pwomosyon 2022 a (ak tout pwomosyon ki vini apre yo), chak elèv ki nan dènye ane lekòl segondè nan Newark dwe, kòm yon pati nan kondisyon pou gradye, ranpli swa Demann Gratis pou Èd Finansye Federal pou Etidyan yo (FAFSA), swa Demann Altènatif pou Èd Finansye New Jersey a (NJ Alternative Financial Aid Application).

Demann Èd Federal Gratis pou Elèv la (FAFSA) se yon opòtinite pou gen aksè nan resous ki nesè pou anvizaje epi kòmanse etid apre segondè - kit se yon lekòl 2-lane, 4-lane, oswa yon lekòl teknik. Epiou, elèv ki abite New Jersey, men, ki pa ranpli kondisyon ki obligatwa pou FAFSA yo, kapab anvizaje Demann Lòt Posibilite Èd Finansye New Jersey a (NJAFSA) kòm yon opsyon. NJAFSA a pèmèt elèv yo resevwa yon èd finansye nan men Eta a pou soutni objektif inivèsite ak karyè yo apre etid segondè.

Si yon elèv pa ranpli kondisyon ki obligatwa pou Èd Federal Gratis pou Elèv la (FAFSA) oswa Demann Lòt Posibilite Èd Finansye NJ a, paran/responsab legal elèv la dwe ranpli Fòm Egzanpsyon FAFSA/NJAFSA a epi soumèt li bay konseye eskolè elèv la anvan 1ye jen nan ane tèminal elèv la.

Nòt: _____

Politik pou Nòt

Distri a itilize twa (3) echèl nòt: Defo, Onè, epi AP. Echèl Onè a ofri yon seri valè pwen ki pi plis pase echèl Defo a, epi echèl AP a pi plis pase echèl Onè a. Yo itilize total pwen yon elèv fè pou tout kou li suiv yo pou kalkile mwayèn jeneral (GPA) elèv la. Akòz pi gwo valè pwen yo, elèv ki suiv kou Onè oswa AP yo ap gen yon pi gwo GPA pase elèv ki jwenn menm nòt yo nan yon kou jeneral nan echèl Defo a. Pwen ki koresponn ak yon D oswa F yo se menm pou tout echèl nòt yo. Nou endike pwen ki asosye avèk chak nòt yo nan tablo ki anba a.

Echèl Nòt				
Non Klas la	Deskripsyon Klas la	Pwen pou Nòt	Pousantaj Limit	Valè Nimerik
A+	A+	4.25	98	100
A	A	4.0	94	97
A-	A-	3.75	90	93
B+	B+	3.25	87	89
B	B	3.0	84	86
B-	B-	2.75	80	83
C+	C+	2.25	77	79
C	C	2.0	74	76
C-	C-	1.75	70	73
D	D	1.0	64	69
F	F	0	0	63
I	Enkonplè	0	0	0
NC	San Kredi	0	0	0
P	Pase	0	0	0
W	An sispansyon	0	0	0
X	Eskize	0	0	0

Nòt: _____

Echèl Nòt Onè				
Non Klas la	Deskripsyon Klas la	Pwen pou Nòt	Pousantaj Limit	Valè Nimerik
A+	A+	4.75	98	100
A	A	4.5	94	97
A-	A-	4.25	90	93
B+	B+	3.75	87	89
B	B	3.5	84	86
B-	B-	3.25	80	83
C+	C+	2.75	77	79
C	C	2.5	74	76
C-	C-	2.25	70	73
D	D	1.0	64	69
F	F	0	0	63
I	Enkonplè	0	0	0
NC	San Kredi	0	0	0
P	Pase	0	0	0
W	An sispansyon	0	0	0
X	Eskize	0	0	0

Nöt:

Echèl Nòt AP				
Non Klas la	Deskripsyon Klas la	Pwen pou Nòt	Pousantaj Limit	Valè Nimerik
A+	A+	5.25	98	100
A	A	5.0	94	97
A-	A-	4.75	90	93
B+	B+	4.25	87	89
B	B	4.0	84	86
B-	B-	3.75	80	83
C+	C+	3.25	77	79
C	C	3.0	74	76
C-	C-	2.75	70	73
D	D	1.0	64	69
F	F	0	0	63
I	Enkonplè	0	0	0
NC	San Kredi	0	0	0
P	Pase	0	0	0
W	An sispansyon	0	0	0
X	Eskize	0	0	0

Nöt:

Peryòd Nòt, Bilten Nòt, ak Rapò sou Pwogrè

Ane eskolè a divize an de (2) semès, yo chak gen de (2) trimès. Yo remèt chak elèv yon rapò pou pwogrè, ki rezime pèfòmans elèv la rive nan moman an, ozanviwon nan mitan chak trimès. Nan fen chak trimès, yo rasanble epi estoke nòt ki nan kanè chak pwofesè yo yon fason pèmanan nan PowerSchool antanke nòt elèv la pou chak trimès. Epitou, ap gen yon egzamen entèmedyè epi final pou chak kou. Yo kalkile valè nimerik nòt pou trimès la ak nòt egzamen yo pou detèmine nòt final elèv la pou kou a. Yo itilize nòt final la pou detèmine pwèn GPA a ansanm ak kredi elèv la jwenn pou kou a.

Kou pou Ane a	
Nivo Sik la	Pousantaj nan klas final (%)
Trimès 1	20
Trimès 2	20
Egzamen Mwatye Sik	10
Trimès 3	20
Trimès 4	20
Egzamen Final	10

Kou pou Sesyon an	
Nivo Sik la	Pousantaj nan klas final (%)
Sik 1	40
Egzamen Mwatye Sik	10
Sik 2	40
Egzamen Final	10

Lis Kritè Direktè a: Klas 3zyèm rive 12yèm Ane

Elèv ki sou Lis Direktè a respekte prensip akademik ki pi wo nan Distri a nan twa (3) kategori diferan: Sipè Tablo Onè, Tablo Onè, ak Mansyon Onorab.

Sipè Tablo Onè

Elèv ki fè yon nòt “A” nan tout matyè yo ap jwenn Sipè Tablo Onè.

Tablo Onè

Elèv ki fè yon nòt “A” oswa “B” nan tout matyè yo ap jwenn Tablo Onè.

Mansyon Onorab

Elèv ki fè yon nòt “A” oswa “B” epi yon sèl “C” nan tout matyè yo ap jwenn Mansyon Onorab.

Nòt: _____

Egzijans pou jwenn Diplòm Eta/Distri (An vigè avèk Klas 2022 a)

Pou akimile 130 kredi ki obligatwa pou jwenn yon diplòm etid segondè, elèv yo dwe suiv kou ki vin apre yo avèk siksè, an konfòmite avèk egzijans Depatman Edikasyon Eta New Jersey ansanm ak Newark Board of Education an.

Domèn Kontni	Kou	Ane	Kredi
Lang ak Literati	Anglè I, II, III, IV	4 lane	20 kredi
Matematik	Matematik	4 lane	20 kredi
Syans	Syans	4 lane	20 kredi
Syans Sosyal	Istwa Mondyal	1 lane	5 kredi
	Istwa Etazini I, II	2 lane	10 kredi
	Literati Finansye	1/2 lane (sis mwa)	2.5 kredi
	Kou Sesyon Ochwa	1/2 lane (sis mwa)	2.5 kredi
Lang Mondyal	Lang Monn nan I & II	2 lane	10 kredi
Travay Atistik Vizyèl ak Espektak	Travay Atistik Vizyèl ak Espektak	1 lane	5 kredi
Edikasyon Sante, Sekirite ak Fizik	Edikasyon Fizik/Sante I, II, III, IV	4 lane	20 kredi
Fòmasyon Pwofesyonèl-Teknik	Kou Fòmasyon Pwofesyonèl-Teknik	1 lane	5 kredi
Ochwa	Ochwa	2 lane	10 kredi
Kantite Total Kredi			130 kredi minimòm
Egzijans Adisyonèl: A. Memwa Fen Detid B. Demonstrasyon metriz pandan Evalyasyon Eta a C. 80 èdtan Sèvis Kominotè D. FAFSA/NJAFAA			

Pou kalifye pou estati sophomore (10yèm ane), elèv yo dwe gen 32.5 kredi.

Pou kalifye pou estati jinyò (11yèm ane), elèv yo dwe gen 65 kredi.

Pou kalifye pou estati senyò (12yèm ane), elèv yo dwe gen 97.5 kredi.

Enfòmasyon ak Resous pou Egzamen

The Preliminary Scholastic Aptitude Test/National Merit Scholarship Qualifying Test (PSAT/NMSQT) se yon tès estanda Komisyon College Board la administre epi National Merit Scholarship Corporation kopatwone l. PSAT evalye konpetans lekti, ekriti, ak matematik elèv yo, li bay bonjan fidbak sou domèn ki gen pou amelyore yo. Nòt segondè nan PSAT la kapab kalifye elèv yo pou Pwogram Nasyonal Bous Merit la (National Merit Scholarship Program), ki li menm ofri rekonesans ak bous detid. Egzamen an ede elèv yo prepare yo pou Egzamen Aptitud Eskolè a (Scholastic Aptitude Test, SAT) epi pou yo rive konenn fòs ak feblès akademik yo. Elèv ki nan distri a epi ki nan 8èm, 9èm ak 10èm ane yo pase PSAT 8/9 ak PSAT 10 respektivman, tandiske jinyò yo pase PSAT/NMSQT la.

Scholastic Aptitude Test (SAT) se yon tès estanda ki lajman itilize pou admisyon kolèj nan Etazini. SAT an ki se yon tès Konsèy Inivèsite an bay, evalye preparasyon elèv yo pou inivèsite pandan l ap evalye konpetans yo nan Lekt, Ekriti, ak Matematik. Elèv ki fenk antre nan lekòl segondè yo ansanm ak elèv finisan yo, anjeneral pran tès kesyon chwa miltip lan ansanm ak yon seksyon redaksyon ki pa obligatwa. Fakilte ak inivèsite yo itilize nòt SAT yo kòm youn nan plizyè faktè nan pwosesis admisyon anndan lokal yo. Egzamen an gen pou objektif bay yon referans komen ki pèmèt konpare kandida ki soti nan diferan sistèm oswa diferan anviwònman edikatif.

The New Jersey Graduation Proficiency Assessment (NJGPA) se yon tès estanda yo administre nan elèv lekòl segondè nan New Jersey. Li fèt pou evalye konpetans elèv yo nan domèn akademik kle tankou Lang Angle ak Matematik, pou asire yo satisfè kondisyon gradyasyon eta a genyen yo. NJGPA se yon tès elèv yo jeneralman pran nan premye ane yo nan lekòl segondè, epi li gen pou objektif pou idantifye elèv ki bezwen plis sipò pou reyisi anvan gradyasyon yo. Li obligatwa pou yon elèv pase NJGPA an ak siksè pou l jwenn yon diplòm lekòl segondè nan New Jersey.

Si, apre yo fin pase Egzamen Konpetans pou Gradyasyon New Jersey a nan 11èm ane, elèv yo pa rive montre yo metrize matyè yo lè yo pa reyisi nan pati Lang Anglè (ELA) ak/oswa Matematik la, yo ka itilize youn nan chemen altènatif sa yo:

- **Dezyèm Pakou:** Lè yo rive jwenn nòt minimòm obligatwa a (« cut score ») nan yon egzamen altènatif ki mezire konpetans yo, tankou PSAT, SAT, ACT oswa ACCUPLACER; oswa
- **Twazyèm Pakou:** Lè yo soumèt, pa mwayen Distri a, yon dosye apèl pou elèv la nan Depatman Edikasyon New Jersey a.

[Se Board of Education Eta New Jersey a ki te adopte egzijans ki nan seksyon sa a an Desanm 2021 pou Klas 2026 yo.]

Lekòl Samdi Distri a se yon pwogram sipò akademik ki fèt chak samdi pou elèv 11yèm ane yo. Li bay sipò ak entèvansyon edikatif pou ede elèv yo amelyore pèfòmans yo nan egzamen NJGPA a. Pwogram nan fèt pou ofri konsèy, konesans ak konpetans ki konsistan pou rive gen bon jan kapasite atravè ansèyman rijid nan konesans kontni Lang Angle ak Matematik nan nivo klas ki apwopriye yo, ansanm ak konsèy pou abitye ak tèks referans, kesyon, ak fòm estanda aprantisaj elèv NJ yo (NJ Student Learning Standards, NJSLS).

Pou resevwa yon diplòm etid segondè, tout elèv yo dwe pase evalyasyon Eta a ki obligatwa nan Literati Lang Anglè ak Matematik.

Enfòmasyon sou Tès pou Elèv ki gen Andikap yo

Sou baz Lwa pou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disability Education Act, IDEA), tout elèv andikape yo dwe patisipe nan tout evalyasyon jeneral Eta a ak distri a.

- Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) pou elèv ki gen andikap yo pral abòde egzijans gradyasyon lokal ak eta elèv yo dwe travay pou respekte yo.
- IEP pou elèv ki gen andikap yo ap presize si elèv la dwe atenn nòt reyisit nan evalyasyon Eta a, oswa si li dwe demontre konpetans li pa mwayen yon lòt pakou posib.

- Elèv ki gen Andikap kote IEP yo presize yon lòt fason pou demontre konpetans yo, ap kontinye suiv egzijans evalyasyon pou jwenn diplòm ki ekri nan IEP yo a.
- Se responsabite ekip IEP elèv la pou gen asirans yo mete IEP a anplas jan yo te redije li a, san wete konpozan ki gen rapò ak egzijans evalyasyon pou jwenn diplòm Eta a.
- Si ekip IEP a detèmine yon elèv ki gen yon andikap pa ta soumèt ak egzijans gradyasyon lokal yo, oswa si gen yon modifikasyon nan egzijans gradyasyon lokal oswa eta a nan lekòl segondè, deklarasyon an dwe genyen ladan l yon rezon ki pwouve egzansyon egzijans gradyasyon lokal oswa legal selon bezwen edikasyon elèv la.
- Ekip IEP yo ta dwe rezève egzanpsyon kondisyon egzamen leta pou gradyasyon an sèlman pou elèv ki gen gwo andikap entelektyèl ak pou elèv andikape ki deja fè plizyè tantativ san siksè pou satisfè kondisyon egzamen leta yo, swa atravè NJGPA a, yon egzamen altènatif pou mezire konpetans yo, oswa yon apèl ki baze sou pòtfolyo elèv la.
- Tout elèv ki gen andikap dwe gen aksè ak akomodasyon ki liste nan IEP a, jan sa apwopriye.

Remak

This image shows a single sheet of white paper with horizontal ruling lines. The lines are evenly spaced and run across the width of the page. There are no margins, text, or other markings on the paper.

Remak

This image shows a full page of blank, lined paper. It features approximately 28 horizontal blue or grey lines spaced evenly apart, typical of notebook paper. The lines extend across the entire width of the page, leaving small margins at the top and bottom. There are no vertical lines, text, or other markings on the page.

Inisyativ pou Preparasyon sot nan Lekòl ale nan Karyè



Pwogram Enskripsyon Doub

Preparasyon Etid Siperyè ak Karyè rete yon pwon enpòtan nan edikasyon segondè ak apre segondè. Patisipasyon nan yon pwogram doub enskripsyon pèmèt elèv lekòl segondè yo gen opòtinite pou suiv kou inivèsite pandan yo enskri nan lekòl segondè. Si yo reyisi, elèv yo ap jwenn ni kredi lekòl segondè ni kredi inivèsite alafwa. Epi, patisipasyon nan yon pwogram doub enskripsyon pèmèt tranzisyon ant lekòl segondè ak inivèsite a fèt pi fasil, etandone yo ekspozè byen bonè nan kou inivèsite. Pwofesè inivèsite yo anseye kou doub enskripsyon, kote konsepsyon an varye selon kou yo fè nan lekòl segondè, sou kanpis inivèsite yo, yon fason ibrid, oswa vityèl sou yon (1) semès oswa sou de (2) semès.

Tablo ki anba a prezante pwogram doub enskripsyon yo ofri nan rezo lekòl segondè a pou ane eskolè 2026-2027 la. Pwogram doub enskripsyon yo aksesib pou tout elèv lekòl segondè yo, epi yo kreye yon espas tranzisyon pou kòmanse travay fòmasyon inivèsite yo avèk sipò lekòl segondè epi inivèsite a. Doub enskripsyon an se yon mekanis akselere yo kapab eksplwate pou ede elèv yo reyalize potansyèl yo pandan yo ap kontinye etid apre segondè yo. Nou ankouraje elèv ki vle enskri nan yon pwogram pou pran kontak avèk yon administratè epi/oswa yon konseye eskolè. Pandan ane akademik avan an, elèv ki te patisipe nan pwogram doub enskripsyon yo te pèmèt fanmi yo ekonomize 17,571,505 dola.

Pwogram Doub Enskripsyon pou Ane Eskolè 2026-2027	
Patnè Enstitisyonèl	Lekòl Segondè (yo)
Arizona State University	Central, Data Science & Information Technology
Bard College	Bard Early College
Bergen Community College	Barringer
Brown University	Inivèsite
Columbia University	Barringer, Data Science & Information Technology
Cornell University	Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji
Essex County College	American History, Arts, Barringer, Central, Data Science & Information Technology, Eagle Academy, East Side, Technology, University, Weequahic, West Side
Fairleigh Dickinson University	Newark Vocational, Technology
Harvard University	American History, Arts, Bard Early College, Barringer, Central, Data Science & Information Technology, East Side, Malcolm X Shabazz, Science Park, Technology, University, West Side
Howard University	Inivèsite
Hudson County Community College	Newark Vocational, University
Kean University	American History, Central, Data Science & Information Technology, Global Studies, Newark Vocational, Technology
Montclair State University	East Side, University
New Jersey Institute of Technology	Architecture & Interior Design, Arts, Barringer, Central, Data Science & Information Technology, East Side, Fashion & Design, Global Studies, Malcolm X Shabazz, Newark Vocational, Science Park, Technology, University, Weequahic, West Side
Notre Dame	Central, Data Science & Information Technology
Pratt Institute	Achitekti ak Konsepsyon Enteryè
Rowan University	Barringer
Rutgers University	American History, Arts, Central, Data Science & Information Technology, Eagle Academy, East Side, Malcolm X Shabazz, Science Park, Technology, Weequahic, West Side
Seton Hall University	Newark School of Global Studies
Stanford University	Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji
William Paterson University	American History, Barringer

Sekans Aktivite Akademik Jeneral

Yon sipèvizè ap jere enskripsyon nan Akademi an nan nivo lekòl la. Patisipasyon an kòmanse depi 9èm ane epi li gen ladan aktivite ki gen rapò ak preparasyon pou yon karyè pwofesyonèl : Konferansye envite, eksplorasyon responsablite travay, ansanm ak ranpli kesyonè sou enterè pwofesyonèl pou ede idantifye chemen karyè yo. Kou ak aktivite ki konekte ak Akademi yo fèt pou respekte prensip endistri yo epi pou ede elèv yo suiv yon edikasyon apre segondè oswa nan tranzisyon pou travay. Tout elèv yo gen obligasyon pou suiv kou yo rekòmande yo yon fason pou respekte tout egzijans Eta a ak Distri a pou kesyon jwenn diplòm.

Aktivite ak Eksperyans Tipik Akademi an**Klas 9yèm Ane**

- Enskripsyon nan Akademi
- Aprantisaj nan Espas Travay: vizit sou teren, salon travay, ak obsève pòs travay
- Envantrè enterè pwofesyonèl
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Konsèy nan domèn akademik ak karyè
- Reyinyon oryantasyon Akademi Karyè pou paran yo
- Patisipasyon nan pwogram anrichisman eskolè apre lekòl, lè samdi, ak nan sezon ete

Klas 10yèm Ane

- Enskripsyon nan Akademi
- Patisipasyon/konpetisyon nan Òganizasyon Elèv nan Karyè epi Teknik (CTSO)
- Aprantisaj nan Espas Travay: obsève pòs travay, simile yon eksperyans nan espas travay la, antrepriz eskolè, vizit sou teren, ak salon travay
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Sètifikasyon Endistri an Rekonèt pou sipòte kou yo ak Sante ak Sekirite
- Konsèy ki ap kontinye epi devlopman dosye
- Patisipasyon nan pwogram anrichisman eskolè apre lekòl, lè samdi, ak nan sezon ete

Klas 11yèm Ane

- Kontinye Kou Akademi
- Patisipasyon/konpetisyon nan Òganizasyon Elèv nan Karyè epi Teknik (CTSO)
- Aprantisaj nan Espas Travay: estaj, benevola, sèvis kominotè, sèvis aprantisaj, simile yon eksperyans nan espas travay la, antrepriz eskolè, vizit sou teren, ak salon travay
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Sètifikasyon Endistri an Rekonèt pou sipòte kou yo ak Sante ak Sekirite
- Konsèy ki ap kontinye epi devlopman dosye
- Patisipasyon/enskrripsyon nan aktivite tranzisyon pou inivèsite

Klas 12yèm Ane

- Enskripsyon nan Kou 3 Akademi an ak/oswa enskrripsyon nan kou inivèsite
- Patisipasyon/konpetisyon nan Òganizasyon Elèv nan Karyè epi Teknik (CTSO)
- Aprantisaj nan Espas Travay: estaj, benevola, sèvis kominotè, sèvis aprantisaj, simile yon eksperyans nan espas travay la, antrepriz eskolè, vizit sou teren, ak salon travay
- Devlopman konpetans pwofesyonèl, konpetans ki pa teknik, ak konpetans nan kesyon lidèchip
- Sètifikasyon Endistri an Rekonèt pou sipòte kou yo ak Sante ak Sekirite
- Konsèy ki ap kontinye nan kesyon karyè ak lekòl siperyè/inivèsite
- Ranpli demann enskrripsyon nan lekòl siperyè/inivèsite ak semèn sou èd finansye
- Evalyasyon dosye ak apwobasyon distri
- Èd pou plasman pwofesyonèl
- Entèvyou sòti

Lyen Ipètèks pou Sèvis Oryantasyon ak Nimewo Telefòn Biwo yo	
Lekòl	Telefòn
<u>Istwa Amerikèn</u>	973-733-6903
<u>Travay Atistik</u>	973-733-7391
<u>Bard Early College</u>	973-733-8363
<u>Barringer</u>	973-268-5125
<u>Central</u>	973-733-6897
<u>Eagle Academy</u>	973-705-3847
<u>East Side</u>	973-465-4900
<u>Malcolm X Shabazz</u>	973-733-6760
<u>Nouvo Medya</u>	862-972-6396
<u>Newark Evening</u>	973-733-6977
<u>Newark School of Architecture & Interior Design</u>	862-682-6721
<u>Newark School of Data Science & Information Technology</u>	973-350-5088
<u>Newark School of Fashion & Design</u>	973-268-5111
<u>Newark School of Global Studies</u>	973-268-5160
<u>Newark Vocational</u>	973-733-6992
<u>Science Park</u>	973-733-8689
<u>Technology</u>	973-481-5962
<u>Inivèsite</u>	973-351-2010
<u>Weequahic</u>	973-705-3900
<u>West Side</u>	973-733-6977

Nòt:

Kalandriye Planifikasyon Lekòl Segondè pou Elèv yo

Kalandriye sa a sèvi kòm yon gid pou elèv yo ak fanmi yo pou ede elèv yo rete sou bon chemen pou yo jwenn diplòm yo.

Premye Ane

- Nan kòmansman chak ane eskolè, revize relve nòt ou a.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Antre nan yon pwogram paralèl.
- Ranpli 20 èdtan sèvis kominotè. Ou dwe ranpli 80 èdtan pou w kapab gradye.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.
- Enskri pou fè pase tès PSAT 9 lan.

Dezyèm Ane

- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa out la.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Enskri pou fè PSAT 10 la.
- Antre oswa kontinye nan pwogram paralèl yo.
- Ranpli 20 oswa plis èdtan sèvis kominotè. Ou dwe ranpli 80 èdtan pou w kapab gradye.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.

Premye Ane

- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa out la.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Enskri pou fè PSAT/NMSQT a.
- Enskri pou fè SAT/ACT a.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.
- Pran yon randevou pou jwenn lèt rekòmandasyon nan men youn (1) oswa plizyè pwofesè epi konseye eskolè w la pou inivèsite ak/oswa travay. Bay chak pwofesè epi/oswa konseye eskolè w la yon apèsi sou dosye eskolè w la ansanm ak aktivite paralèl ou yo. Pou chak rekòmandasyon, bay yon anvlòp ki gen tenb epi ki adrese, ansanm ak nenpòt fòm ki obligatwa pou inivèsite. Asire w ou di yo mèsi.
- Prepare CV ou epi fè pratik nan teknik entèvyou yo. Mande yon pwofesè, yon konseye eskolè, oswa yon manm fanmi w ede w. Asire w ou mande yon granmoun responsab pou reli CV ou a pou verifye gramè, òtograf, fot, epi/oswa erè fòm anvan w soumèt li bay kèlkeswa moun nan.
- Pale konsènan plan w yo avèk fanmi w. Fè yo konn ki atant ou genyen epi mande yo pou “koute” w. Pale bouch a bouch se yon mwayen efikas pou jwenn yon travay.
- Ranpli 20 oswa plis èdtan sèvis kominotè. Ou dwe ranpli 80 èdtan pou w kapab gradye.
- Patisipe nan Lekòl Jou Samdi Distri a san kanpe.


Dènye Ane


- Egzamine relve nòt ou yo, sitou nan mwa out la.
- Pran yon randevou avèk konseye eskolè w la si w manke kredi oswa si w mal plase nan yon kou.
- Kenbe yon bon prezans epi kontinye fè bon nòt.
- Asire w ou fini tout pwojè ak/oswa devwa w yo.
- Enskri pou fè SAT/ACT a.
- Rankontre avèk konseye eskolè w la pou jwenn konsèy sou karyè, inivèsite oswa bousdetid.
- Pran yon randevou pou jwenn lèt rekòmandasyon nan men youn (1) oswa plizyè pwofesè epi konseye eskolè w la pou inivèsite ak/oswa travay. Bay chak pwofesè epi/oswa konseye eskolè w la yon apèsi sou dosye eskolè w la ansanm ak aktivite paralèl ou yo. Pou chak rekòmandasyon, bay yon anvlòp ki gen tenb epi ki adrese, ansanm ak nenpòt fòm ki obligatwa pou inivèsite. Asire w ou di yo mèsi.
- Prepare deklarasyon pèsònèl ou ansanm ak disètasyon inivèsitè byen presi a selon demann inivèsite a anvan mwa novanm. Si w planifye pou fè yon demann admisyon antisipe oswa pran yon desizyon antisipe, ou dwe fini disètasyon w lan pou pita kòmansman oktòb.
- Prepare CV ou epi fè pratik nan teknik entèvyou yo. Mande yon pwofesè, yon konseye eskolè, oswa yon manm fanmi w ede w. Asire w ou mande yon granmoun responsab pou reli CV ou a pou verifye gramè, òtograf, fot, epi/oswa erè fòma anvan w soumèt li bay kèlkeswa moun nan.
- Si w planifye pou antre nan monn travay la dirèkteman apre w fin resevwa diplòm ou, kòmanse postile byen bonè, lè w bay tèt ou ase tan pou chèche yon travay ki apwopriye. Fè devwa ou pandan w ap chèche antrepriz sou LinkedIn, Glassdoor, Indeed, elatriye. Asire w ou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo, epi pa peye anyen pou okenn plasman travay.
- Pale konsènan plan w yo avèk fanmi w. Fè yo konn ki atant ou genyen epi mande yo pou “koutè” w. Pale bouch a bouch se yon mwayen efikas pou jwenn yon travay.
- Fè atansyon avèk tout dat limit yo: admisyon nan inivèsite, bousdetid, ak demann travay yo. Yonfwa w fin ranpli demann admisyon nan inivèsite yo epi w voye yo ale, kontakte inivèsite w gen entansyon ale a pou asire w yo byen resevwa tout dokiman ki nesesè yo. Kenbe yon kalandriye ak/oswa yon ajanda pou fè suivi a.
- Ranpli 20 èdtan sèvis kominotè w la. Ou dwe ranpli 80 èdtan pou w kapab gradye.
- Fini ak memwa fen etid ou, ki li menm se yon pwojè ki ap pèmèt ou demontre konpetans ou nan rechèch, ekriti, panse kritik, ak prezantasyon oral ou pandan w ap prepare pou tranzisyon nan edikasyon apre lekòl segondè oswa nan mendèw travay la.

Nòt:

Patenarya/Resous Anvan Inivèsite

Òganizasyon	Deskripsyon
	Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite, Abbott Leadership Institute Pwogram apre inivèsite Abbott Leadership Institute yo ofri yon seri aktivite ki chita sou devlopman lidèchip lakay jèn yo epi sou preparasyon pou antre nan inivèsite ak karyè. Pou plis enfòmasyon, kontakte Kaleena Berryman nan: ali@newarkyouth.com Klas yo Sèvi: 6èm-12èm
	Pwogram pou Aspiran Edikatè (Aspiring Educators Program, AEP) Pwogram pou Aspiran Edikatè yo (Aspiring Educators Program – AEP) nan Inivèsite William Paterson se yon pwogram ete ki fèt pou prepare elèv jinyò ak senyò nan kolèj ki soti nan diferan orijin pou fè karyè nan edikasyon. Se University's College of Education ki dirije pwogram nan. Li ofri yon konbinezon kou inivèsite, eksperyans pratik nan ansèyman, ansanm ak opòtinite pou devlopman pwofesyonèl. Patisipan yo pase mwaye jounen yo nan yon kou ki konsantre sou yon karyè pwofesyonèl sou kanpis la, epi yo ka jwenn twa kredi inivèsite anvan yo fini lekòl segondè yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte: AspiringEducator@wpunj.edu Klas yo Sèvi: 10èm-11èm
	Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite, Rutgers University Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite a ede elèv nan klas 9 rive 12yèm ane pandan l ap defini epi kiltive yon kilti inivèsite. Nan aktivite yo gen sòti eskolè, vizit inivèsite, ak salon sou opòtinite travay. Epitou sant lan pwopoze yon èd pou demann enskripsyon nan inivèsite yo, yon èd FAFSA/HESAA, pou bousdetid, similasyon entèvyou ak bati yon CV. Pou plis enfòmasyon, kontakte Sheronia Rogers nan: sheronia.rogers@rutgers.edu Klas yo Sèvi: 9yèm-12yèm ane
	Pwogram Eta Prefak Columbia University Pwogram ete Prefak Columbia University a bay elèv ki gen trè bon rezilta akademik yo opòtinite pou yo patisipe nan kou ki gen gwo nivo egzijans akademik, swa anliy oswa sou kanpis inivèsite a nan Vil New York. Se School of Professional Studies la ki jere pwogram nan. Li ofri yon gran varyete kou, avèk plis pase 70 kou an prezans ak plis pase 40 kou anliy, nan domèn tankou atizay, syans imèn, syans ak teknoloji. Atravè pwogram ete rezidansyèl Prefak Columbia University a, elèv ki patisipe yo ap gen aksè ak kou Prefak Columbia yo, resous kanpis la, ansanm ak divès opòtinite anrichisman ki ankouraje eksplorasyon prekos karyè yo epi ede yo pi byen prepare pou etid inivèsite. Pou plis enfòmasyon, kontakte Anita J. Weiss nan: aw3303@columbia.edu Klas yo Sèvi: 9yèm-11yèm ane

Òganizasyon	Deskripsyon
	Cooperman College Scholars Cooperman College Scholars se yon pwogram ki ap soutni elèv nan Konte Essex, New Jersey, ki gen talan nan domèn akademik, ki motive anpil, epi ki gen bezwen finansye, pou jwenn yon diplòm inivèsite kat lane. Pwogram nan pwopoze yon Akademi Ete sou twa semèn, yon bousdetid pou ale nan inivèsite, mantora epi lòt resous pou pèmèt tranzisyon nan inivèsite a fèt pi fasil epi pou soutni reyisit chak moun ki gen Bousdetid. Pou plis enfòmasyon, kontakte Keiran Miller nan: keiran.miller@coopermanscholars.org Klas yo Sèvi: 11yèm ane
	Pwogram Prefak Harvard University Pwogram Prefak Harvard University a ofri yon pwogram ete entansif pou elèv lekòl segondè. Se yon pwogram ki bay kredi inivèsite, kote elèv yo ka jwenn ant 4 ak 8 kredi. Patisipan yo suiv youn oswa de kou ansanm ak etidyan premye sik (undergraduates) Harvard yo. Elèv yo ka chwazi pami plis pase 200 kou ki ofri yon eksperyans akademik ki mande anpil efò, lojman sou kanpis la nan rezidans etidyan Harvard yo, ansanm ak aksè a divès aktivite paraskolè. Resous akademik yo gen ladan pwofesè ki trè renome, laboratwa ki byen ekipe, mize kalite siperyè, ansanm ak yon bibliyotèk inivèsite ki klase pami pi bon nan mond lan. Pou plis enfòmasyon, kontakte: info@DCE.Harvard.edu Klas yo Sèvi: 10èm-11èm
	High School Academic Support Program H.S.A.S.P. se yon pwogram konplè pou preparasyon nan SAT, ki ofri yon sipò nan matematik/alfabetizasyon, yon èd pou jwenn bousdetid ak èd finansye, leson patikilye pou redije disètasyon ak deklarasyon pèsònèl, vizit nan fwa (fairs) inivèsite ak vizit inivèsite, enfòmasyon sou karyè apre etid segondè, ak yon sipò pou reyisit eskolè nan lekòl segondè epi pi lwen. Nan lòt aktivite yo gen preparasyon pou inivèsite, preparasyon pou SAT, redije yon disètasyon/deklarasyon pèsònèl, opòtinite sèvis kominotè, bous detid, atelye travay sou FAFSA, CV ak lòt motivasyon, epi teknik entèvyou. Pou plis enfòmasyon, kontakte Lyndon Brown nan: lbrown8699@yahoo.com Klas yo Sèvi: 10yèm-12yèm ane
	Leaders of the 21st Century Leaders of the 21st Century devlope lespri sivik jèn lidè nan kominote iben yo epi li prepare yo pou monn travay la pa mwayen lidèchip ak devlopman pwofesyonèl. Pou plis enfòmasyon, kontakte Dan de Nose nan: lot21century@gmail.com Klas yo Sèvi: 10yèm (ap antre nan 11yèm)

Òganizasyon	Deskripsyon
	Newark Museum of Art Explorers Program Explorers Program se yon pwogram preparasyon pou inivèsite, karyè ak lavi, ki pèmèt elèv lekòl segondè nan zòn Newark yo devlope konpetans ki esansyèl ak konfyans nan tèt yo grasa yon pwogram etid ki chita sou koleksyon, resous, ak manm pèsone inik Mize yo. Explorers fè wotasyon pa mwayen yon seri estaj nan diferan zòn nan Mize a epi li mennen yon seri pwojè ki fèt pou elèv yo vin gen eksperyans nan lavi reyèl la nan yon pakèt travay ak domèn etid. Pou plis enfòmasyon, kontakte Jessica Nunez nan: jnunez@newarkmuseumart.org Klas yo Sèvi: 9yèm-11yèm ane
	Center for Pre-College Programs, NJIT Center for Pre-College Programs (CPCP) nan NJIT ankouraje jèn yo gen aksè nan inivèsite epi pou yo reyisi nan domèn STEM, lè li ofri elèv yo yon eksperyans anvan inivèsite ak preparasyon pou antre nan inivèsite, san wete yon posibilite pou chèche fè karyè nan STEM epi pou aplike konsepsyon yo vin genyen nan sijè sa yo nan lavi chak jou a. Yo ofri pwogram yo apre lekòl epi nan wikenn pandan ane akademik la epi nan semèn pandan sezon ete. Pou plis enfòmasyon, kontakte Dr Levelle Burr-Alexander: levelle.e.burr-alexander@njit.edu Klas yo Sèvi: 4yèm-12yèm ane NJIT Math Success Initiative (MSI) Math Success Initiative (MSI) NJIT la se yon pwogram patenarya ak preparasyon akademik ki fèt an kolaborasyon ant NJIT, Vil Newark ak Lekòl Piblik Newark yo. Pwogram nan prepare elèv lekòl segondè yo pou etid nan domèn STEM (syans, teknoloji, jeni ak matematik) lè li ranfòse konpetans yo nan matematik epi li fasilite admisyon yo nan NJIT. Pwogram sa a ofri elèv yo yon pwogram anrichisman pandan ete ki dire 6 a 7 semèn ak fòmasyon entansif, ansanm ak opòtinite pou yo suiv kou matematik ki bay kredi nan NJIT atravè sistèm doub enskripsyon. Pou plis enfòmasyon, kontakte Dr Levelle Burr-Alexander: levelle.e.burr-alexander@njit.edu Klas yo Sèvi: K ap monte 12èm
	Pathways to College Pathways to College prepare elèv yo alafwa pou yo vin bon aplikan pou inivèsite epi pou yo reyisi nan inivèsite. Objektif pwogram nan se agrandi filyè aksè nan inivèsite a nan yon seri kominote yo mal sèvi grasa yon rezo timoun ki pèfòman anpil, prensipalman ki soti nan minorite a. Pou plis enfòmasyon, kontakte: questions@pathwaystocollege.org Klas yo Sèvi: 9yèm-12yèm ane
	PHocus Summer Experience, Rutgers School of Public Health PHocus se yon pwogram edikatif entèdisiplinè Rutgers School of Public Health pwopoze. Elèv yo eksplòre popilasyon sante a epi yo aprann baz fondamantal yo sou epidemiyoloji, syans ak sante piblik. Elèv yo patisipe nan yon pakèt eksperyans, sitou yon seri simulasyon nan epidemi, seyans laboratwa ak konvèsasyon avèk pratisyen sante piblik. Pou plis enfòmasyon, kontakte Marian Passannante nan: marian.passannante@rutgers.edu Klas yo Sèvi: 9yèm-12yèm ane

Òganizasyon	Deskripsyon
 RUTGERS FutureScholars	Rutgers Future Scholars R.F.S. se yon pwogram anvan inivèsite sou senk (5) lane, ki ofri elèv klas 7yèm-12yèm ane yon anrichisman eskolè ak posibilite pou fè plizyè karyè grasa yon seri atelye travay, vwayaj, prezantasyon, ak panèl konvèsasyon pandan sesyon samdi ak ete yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte Kimberly Brown nan: kimbrown@futurescholars.rutgers.edu Klas yo Sèvi: 7yèm-12yèm ane
	SMART, Rutgers New Jersey Medical School SMART se yon pwogram oryantasyon ki fèt pou elèv ki enterese nan fè yon karyè nan medsin yo. Pwogram nan konsantre sou devlopman jèn yo ansanm ak ekselans akademik, epi li ofri posibilite pou elèv yo vin gen konesans ak eksperyans ki nesesè pou ogmante potansyèl yo pou reyisi. Pou plis enfòmasyon, kontakte Mercedes Padilla-Register nan: mercedes.p.register@rutgers.edu Klas yo Sèvi: 6yèm-12yèm ane
	Educational Talent Search Program: (NJIT) Educational Talent Search Program se yon pwogram aksè nan inivèsite, Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite a ap jere sou kanpis New Jersey Institute of Technology a. Se yon pwogram entèvansyon byen bonè, ak difizyon enfòmasyon ki finanse nan domèn federal pa mwayen Depatman Edikasyon Ameriken an. Objektif Talent Search Program nan se ogmante kantite jèn defavorize ki fini etid segondè yo epi ki enskri nan yon inivèsite nan 5 lane. Pou plis enfòmasyon, kontakte Monique Paden Hutchin nan: paden@njit.edu Klas yo Sèvi: 7yèm-9yèm ane Sant pou Pwogram Anvan Inivèsite/TRiO Talent Search (Rutgers Newark) Pwogram anvan inivèsite yo ak TRiO Talent Search ofri yon seri aktivite ki gen yon pwogram Leson Patikilye vityèl pou klas 6-12 ane ki pèmèt yo bay èd pou devwa adomisil ak nan yon seri matyè byen presi, pou sèvi elèv Newark yo ak nan pi gwo rejyon Newark la. Pou plis enfòmasyon, kontakte Sheronia Rogers nan: sheronia.rogers@rutgers.edu Klas yo Sèvi: 6yèm-12yèm ane
 W.E.B. Du Bois Scholars Institute	W.E.B. Du Bois Scholars Institute W.E.B. Du Bois Scholars Institute ofri lidèchip, bous detid, ak sèvis akademik avanse nan STEM, lekti, ekriti, etik, ak ras/etnisite pou elèv yo. Enstiti Ete a ap fèt nan lokal Princeton University a. Pou plis enfòmasyon, kontakte Crystal Watson nan: admissions@duboissscholars.org

Lekòl rive nan Karyè ak Ansèyman Apre Lekòl Segondè

Akademi lekòl segondè Distri a se yon seri eleman enpòtan nan Estrateji Rekonsepsyon Lekòl Segondè Direktè Jeneral la pou *Pwochen Deseni an: Plan Estratejik 2020-30*. Akademi lekòl segondè yo adopte yon filozofi ki etabli enfrastruktir pou yon sistèm edikatif ki soutni yon anviwònman aprantisaj aktif ki konekte ak mond travay la. Nan Newark Board of Education, koneksyon ant edikasyon, edikasyon aprè lekòl segondè, ak karyè kòmanse nan matènèl epi li etann li rive jis nan klas 12yèm ane.

Travay rekonsepsyon nan lekòl segondè polivalan an se yon estrateji ki gen twa (3) nivo. Chak Akademi nan lekòl segondè polivalan gen twa (3) patnè nan devlopman yon pwogram etid ak konsepsyon etablisman an: yon lekòl segondè oryantasyon, yon etablisman ansèyman siperyè, ak yon òganizasyon pwofesyonèl. Byenke travay rekonsepsyon sa a konsantre prensipalman sou lekòl segondè polivalan, relasyon resipwosite avèk lekòl segondè oryantasyon yo ap asire tout elèv yo jwenn diplòm yo avèk konpetans komèsyal, sètifikasyon, enskripsyon doub nan kou inivèsitè, ak eksperyans estaj, kèlkeswa lekòl segondè kote yo ye a. Eksperyans ak sètifikasyon sa yo ap ede yo ogmante konesans yo epi pèmèt yo vin pi konpetitif sou mache travay la jodi a. Epitou, kolaborasyon ant lekòl segondè yo ak lekòl oryantasyon yo ap pèmèt yo elaji posibilite devlopman pwofesyonèl nan tout Vil Newark.

Nan lekòl eleman ak lekòl entèmedyè yo, elèv yo gen posibilite fè plizyè karyè atravè eksplorasyon opòtinite ki entegre plizyè kalite karyè, vizit nan espas travay ak òganizasyon kominotè, estaj obsèvasyon, ak vizit yon seri oratè nan sal klas pou dekri karyè yo. Objektif pou seleksyone yon posib Akademi karyè vin pi presi nan uityèm ane, lè elèv yo enskri nan yon lekòl segondè byen presi selon sant enterè yo ansanm ak Akademi yo ofri yo.

Chak lekòl segondè chèche jwenn elèv nan tout distri a pa mwayen pwosesis aplikasyon distri a. Nan kad pwosesis sa a, nou sijere pou gen relasyon ki etabli avèk lekòl eleman yo. Byenke chak lekòl segondè oryantasyon gen kritè admisyon ki diferan, lekòl yo dwe seleksyone elèv ki soti nan tout nivo kapasite, epi san wete elèv ki gen Bezwen Espesyal ak elèv ki pale Plizyè Lang. Elèv ki pa chwazi yon lekòl segondè oryantasyon yo, ale nan lekòl segondè ki nan katye yo, epi yo kapab chwazi yon Akademi ki enterese yo nan lekòl la. Oryantasyon pwofesyonèl nan klas nevyèm nan jeneral ak eksploratwa, epi li bay enfòmasyon sou diferan aspè nan endistri a, diferan kalite karyè nan chak Akademi, ak konpetans lavi ki nesesè pou reyisi nan monn travay la oswa nan yon etablisman ansèyman apre etid segondè. Nan pifò lekòl segondè yo, elèv yo eksplòre posibilite Akademi klas dizyèm ane a ofri yo, epi yo chwazi yon Akademi ki enterese yo.

Chak Akademi gen yon pwogram akademik estriktire ki lye ak yon oryantasyon pwofesyonèl. Pifò lekòl segondè yo genyen yon kowòdonatè pou fè tranzisyon ant lekòl pou al sou mache travay la. Chak lekòl segondè gen plizyè Akademi ki gen pakou pwofesyonèl. Byenke elèv yo jwenn ankourajman pou rete nan yon Akademi byen presi, gen nan yo ki kapab deside ale nan yon lòt Akademi, selon disponiblite yo. Epitou, elèv yo kapab chwazi pa patisipe nan yon Akademi ki konsantre sou karyè.

Pwogram Akademi nan chak lekòl segondè yo ofri yon seleksyon kou, san wete kou espesyalizasyon ak Plasman Avanse. Tout elèv yo, kèlkeswa pakou pwofesyonèl yo, kapab enskri nan kou sa yo, epi yo gen posibilite pou suiv yon pwogram akademik ki solid.

Tout Akademi yo aksepte elèv ki soti nan diferan nivo akademik. Enterè se premye kritè pou aksepte yo, sa ki pèmèt tout elèv yo gen aksè ekitab nan menm opòtinite. Elèv ki gen bezwen espesyal epi ki limite nan Anglè yo kapab bezwen yo fè kèk modifikasyon nan pwogram nan ansanm ak sipò anplis.

Akademi Karyè nan Lekòl Segondè

Lekòl	Aksan sou Lekòl	Akademi
Istwa Amerikèn	Istwa Amerikèn, Gouvènman, ak Administrasyon Piblik	Jistis Sosyal, Paralegal, Etid Antreprenarya
Achitekti ak Konsepsyon Enteryè	Konsepsyon Bilding, Inovasyon nan Teknoloji Bilding, ak Imobilye	Achitekti & Dizay Enteryè, Elektrisite, Plonbri ak Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon (HVAC)
Travay Atistik	Travay Atistik Vizyèl ak Espektak Atistik	Sinematografi ak Fim, Dans, Dram, Mizik Enstrimantral, Vokal ak Atizay Vizyèl
Bard Early College	Ansèyman Travay Atistik Liberal	Diplòm inivèsitè 2 lane (Associate's Degree) nan domèn Atizay Liberal
Barringer	Doub Enskripsyon nan Inivèsite nan Bonè ak CTE	Chapantri, Rezo Enfòmatrik, Dwa, Teknoloji Mizikal, ak Sekirite Piblik
Central	Etid Dantè, Etid Anviwonman, ak Etid Antreprenarya	Etid Dantè ak Etid Anviwòmmantral
Syans Done ak Enfòmasyon Teknoloji	Syans Rechèch ak Enfòmasyon Teknoloji, Konsepsyon ak Devlopman Jwèt Videyo, Entèlijans Atifisyèl, Sekirite Enfòmatrik ak Jeni Rezo	Syans Done, Enfòmasyon Teknoloji, Jeni Enfòmatrik
Eagle Academy	Yon lekòl ki fèt sitou pou gason, ki angaje li nan pousoiv ekselans akademik, yon karaktè djanm ak yon lidèchip responsab.	Antreprenarya
East Side	Doub Enskripsyon nan Inivèsite nan Bonè	Sinematografi, Konsepsyon Grafik, ak Ansèyman Pwofesè
Travay atistik ak Konsepsyon	Travay atistik ak Konsepsyon	Mòd, Konsepsyon, Kouti, Konstriksyon, Ilistrasyon
Etid Global	Diplomasi, Komès Entènasyonal, ak Syans Imèn	Diplomasi & Akademi Arab, Biznis Entènasyonal ak Akademi Chinwa
Malcolm X Shabazz	Kosmetoloji, Jeni	Kosmetoloji, Syans enfòmatrik, Jeni, JROTC ak JAG: Devlopman Mendèv
Nouvo Medya	Yon lekòl prestijye ki espesyalize nan atizay medya, ki chita nan yon vil kote atizay ap pwospere; li prepare pwochen jenerasyon kreyatè kontni, sineyas ak antreprenè dijital	Fim, Televizyon, Medya dijital
Newark Vocational	Teknik Kizin, Ospitalite ak Touris, ak Konsepsyon Grafik ak Enpresyon.	Teknik Kizin, Konsepsyon Grafik, Otelri ak Touris
Science Park	Domèn STEM	Jeni ak Teknoloji, Syans Enfòmatrik, Wobotik, Syans Biyomedikal ak Syans Sante, Matematik, ak Syans Aplike.
Technology	Teknoloji, Jeni ak Syans Aplike	Syans Biyomedikal, Rezo Òdinatè, Jeni, Fim Sinematografik, Konsepsyon Grafik
Inivèsite	Syans Imèn	Dwa ak Ansèyman Pwofesè
Weequahic	Sèvis Sante Alye, Doub Enskripsyon nan Inivèsite nan Bonè ak Avansman pou Chemen Karyè	Sèvis Sante Alye: Syans Jeneral, Enfimyè, Fòs Ame Etazini: JROTC, JAG: Devlopman Mendèv
West Side	Biznis ak Finans	Fabrikasyon Avanse, Kosmetoloji, Etid Antreprenarya ak Jesyon Chèn Apwovizyonman, Doub Enskripsyon nan Inivèsitè.

Koneksyon Elèv Nan Schoollinks




Kisa SchoolLinks ye?

SchoolLinks se yon platfòm modèn, pou inivèsite ak karyè ki la pou prepare elèv yo pou sa k ap tann yo apre gradyasyon. SchoolLinks ede elèv yo dekouvri enterè ak fòs yo, li ede yo eksplòre inivèsite ak karyè yo, epi kreye yon karyè endividyèl ak yon plan akademik ki pi byen demontre objektif yo gen pou apre lekòl segondè. SchoolLinks nan Lekòl Piblik Newark yo aksesib nan klas 7yèm rive 12yèm ane yo pou elèv yo ak paran yo.

Kisa Elèv yo ka fè?

Lè yo itilize SchoolLinks, elèv yo ak paran yo kapab:


- Aksede sondaj ki baze sou enterè karyè, pwèn fò ak mantalite
- Eksplòre pwogram inivèsite 2 ak 4 lane yo
- Kreye plan edikatif ki baze sou chemen pou karyè
- Patisipe nan vizit reyalite vityèl nan kanmpous inivèsite
- Chèche bousdetid
- Aprann konsènan èd finansye
- Jwenn estaj ansanm ak opòtinite benevola
- Eksplòre domèn karyè tradisyonèl, sa k ap emèje yo, ansanm ak sa ki militè yo
- Kreye pòtfolyo/CV dijital
- Kominike avèk konseye




Enfòmasyon Aksè Koneksyon pou Elèv yo:

Etap 1: Aksede Pòtay Elèv NPS la nan www.nps.k12.nj.us

Etap 2: Nan paj wèb NPS la, chwazi "Elèv" epi klike sou Iyen Pòtal Elèv la



Etap 3: Konekte sou kont Clever ou a!



SchoLinks Chan Aplikasyon ak Sekans Klas 9yèm Ane

Tach	Kategori	Nivo Klas
Kreye yon Objektif SMART	Planifikasyon ak Pwogrè Akademik	9yèm
Deklare Ofisyèlman Nòt PSAT	Evalyasyon ak Pèfòmans	9yèm
Senaryo Jwèt Lavi	Planifikasyon Karyè	9yèm
Evalyasyon Preferans	Planifikasyon Karyè	9yèm
Eksplòre Karyè	Planifikasyon Karyè	9yèm
Fikse/Mete Ajou Objektif Karyè	Planifikasyon Karyè	9yèm
Eksplòre Inivèsite	Planifikasyon Inivèsite	9yèm
Inivèsite Prefere	Planifikasyon Inivèsite	9yèm
Fikse/Mete Ajou Objektif Aprè Lekòl Segondè	Planifikasyon Inivèsite	9yèm
Byen Reyisi Pakou Lekòl Segondè Ou: Inite Aprantisaj	Dekouvèt pwòp tèt ou	9yèm
Pran Desizyon Responsab: Inite Aprantisaj	Dekouvèt pwòp tèt ou	9yèm ane

Enfòmasyon sou Lekòl ak Distri a



Direktè Jeneral León ak elèv yo nan Senior Day 2026

Repètwa Lekòl Segondè

Ekip Lidèchip Lekòl Segondè - Doktè Maria Ortiz		
Lekòl Segondè	Nimewo Telefòn	Adrès
Istwa Amerikèn	973-733-6903	74 Montgomery Street, 07103
Travay Atistik	973-733-7391	550 Dr. Martin L. King Jr. Blvd., 07102
Bard Early College	973-733-8363	321 Bergen Street, 07103
Barringer	973-268-5125	90 Parker Street, 07104
Central	973-733-6897	246 18th Avenue, 07108
Eagle Academy	973-705-3847	279 Chancellor Avenue, 07112
East Side	973-465-4900	238 Van Buren Street, 07105
Malcolm X Shabazz	973-733-6761	80 Johnson Avenue, 07108
Nouvo Medya	862-972-6396	321 Bergen Street, 07103
Newark School of Architecture & Interior Design	862-682-6721	155 Jefferson Street, 07105
Newark School of Data Science & Information Technology	973-350-5088	746 Sanford Avenue, 07106
Newark School of Fashion & Design	973-268-5111	239 Woodside Avenue, 07104
Newark School of Global Studies	973-268-5160	24 Crane Street, 07104
Newark Vocational	973-733-8792	301 West Kinney Street, 07103
Science Park	973-733-8689	260 Norfolk Street, 07103
Technology	973-481-5962	223 Broadway, 07104
Inivèsite	973-351-2010	55 Clinton Place, 07108
Weequahic	973-705-3903	279 Chancellor Avenue, 07112
West Side	973-733-6977	403 South Orange Avenue, 07103
Lekòl Espesyalize - Dr Samantha Lott-Velez		
John F. Kennedy	973-733-6788	311 South 10th Street, 07103
New Jersey Regional Day	973-705-3820	334 Lyons Avenue, 07112

Pwogram Tranzisyon Ete pou Lekòl Segondè

Pwogram Tranzisyon Ete a ap fèt nan tout lekòl segondè Newark Board of Education yo. Objektif Pwogram Tranzisyon Ete a se ofri elèv klas 8yèm ane aktyèl yo yon eksperyans edikatif imèsif ki ap ekspoze yo nan kominote ak kilti lekòl la, ki ap ba yo yon posibilite pou rankontre pwofesè yo ansanm ak manm pèsònèl yo, epi ki ap ba yo yon apèsi konsènan atant ak egzijans ki gen nan lekòl segondè yo. Pwogram Tranzisyon Ete yo adapte sèlman pou kominote aprantisaj ki nan chak lekòl yo, epi yo ap akeyi elèv yo anndan kilti eskolè sa a. Elèv yo ap patisipe nan yon pakèt aktivite ak ekseperyans, san wete ranfòsman espri ekip ak kilti, anrichisman eskolè, aktivite ki lye avèk lespri eskolè, epi posibilite pou travay atistik ak atletik. Rechèch yo montre elèv ki patisipe nan yon eksperyans tranzisyon anvan yo antre nan lekòl segondè pi byen reyisi tranzisyon an nonsèlman nan domèn akademik, men tou, nan domèn sosyo-emosyonèl, pase elèv ki pa patisipe yo. Kidonk, tout elèv klas 9yèm ane yo dwe patisipe nan Pwogram Tranzisyon Ete a nan lekòl segondè kote yo ye a.

Yo ap sèvi manje maten ak manje midi.

Kote	Dat	Lè
Istwa Amerikèn	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Travay Atistik	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Bard Early College	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Barringer	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Central	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Eagle Academy	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
East Side	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Malcolm X Shabazz	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Nouvo Medya	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Newark School of Architecture & Interior Design	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Newark School of Data Science & Information Technology	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Newark School of Fashion & Design	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Newark School of Global Studies	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Newark Vocational	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Science Park	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Technology	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Inivèsite	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
Weequahic	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM
West Side	Klas 9yèm Ane: 24/08/2026 - 28/08/2026	8:00 AM - 1:30 PM

Kalandriye Lekòl 2026-2027				
Mwa		2026	Kantite Jou Elèv/Pwofesè:	
Septanm	1	Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #1	17	20
	2	Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #2		
	3	Jounen Òganizasyon		
	7	Jou Ferye: Fèt Travay		
	8	Premye Jou Lekòl pou Elèv yo		
Oktòb	12	Jou Ferye: Jounen Pèp Endijèn yo	20	21
	21	Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #3		
Novanm	5-6	Konvansyon NJEA	15	15
	11	Jou Ferye: Jounen Veteran yo		
	20	Jou Ferye: Jounen Eritaj Pòtoriko (Obsèvasyon)		
	25	Depa Antisipe - (1:00 pm pou Elèv ak Manm Pèsonèl yo)		
	26-27	Jou Ferye: Jou Aksyon Degras (Thanksgiving)		
Desanm	23	Depa Antisipe (Depa a 1:00 pm pou Elèv ak Anplwaye yo)	17	17
	24	Jou Ferye: Reveyon Nwèl		
	25	Jou Ferye: Fèt Nwèl		
	28-30	Vakans Ivè		
	31	Jou Ferye: Lavèy Nouvèlan		
2027				
Janvye	1	Jou Ferye: Joudlan	18	19
	18	Jou Ferye: Anivèsè Dr. Martin Luther King, Jr.		
	27	Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #4		
Fevriye	8	Konferans Paran/Pwofesè (1:00 pm lekòl lage pou Elèv yo)	18	19
	15	Jou Ferye: Jounen Prezidan		
	24	Jounen Devlopman Manm Pèsonèl #5		
Mas	10	Jou Ferye: Eid-al-Fitr	18	18
	26	Jou Ferye: Vandredi Sen		
	29-31	Vakans Prentan		
Avril	1-2	Vakans Prentan	20	20
Me	31	Jou Ferye: Jounen Memoryal	20	20
Jen	18	Jou Ferye: Juneteenth	19	19
	28	Dènye Jou Lekòl pou Elèv ak Manm Pèsonèl yo Depa Antisipe (1:00 pm pou Elèv yo sèlman)		
Kantite Jou an Total			182	188


Nòt Espesyal:

1. Nan ka kote lekòl yo dwe fèmen akòz move tan epi li nesèsè pou elèv yo ratrape jou yo, yo ap ratrape jou yo pandan Vakans Prentan yo oswa yo ap ajoute nan fen ane eskolè a.
2. Dat 1ye septanm nan pa yon jou travay pou Manm NTU 10 mwa yo.

Apwouve: 22 janvye 2026

Remak

This image shows a single sheet of white paper with horizontal ruling lines. The lines are evenly spaced and run across the width of the page. There are no margins, text, or other markings on the paper.



Roger León
Direktè Jeneral

Yolonda Severe
Direktris Adjwen

Konsèy Edikasyon Newark

Hasani K. Council
Prezidan

Vereliz Santana
Ko-Vis Prezidan

Helena Vinhas
Ko-Vis Prezidan

Manm Konsèy yo
Kanileah Anderson
Quamid Childs
Mak Comesañas
David I. Daughety
Louis Maisonave, Jr.
Jordy Nivar

Konsèy Edikasyon Newark
765 Broad Street
Newark, NJ 07102

www.nps.k12.nj.us